ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№155 (22.813) • 2014 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 7, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэ къыззэгъэпэщыныкIэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэ къыззгъэпэщыныкIэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэру имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэ къыззгъэпэщыныкIэ конкурс комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа унафэ №68-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м
№53-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м къыдигъэкIа унафэ №53-РГ-мкIэ къыщIатащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэ къыззгъэпэщыныкIэ конкурс комиссэм хэтхэр

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(конкурс комиссэм и тхьэмадэщ)*

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ *(конкурс комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Амщыкъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(конкурс комиссэм и секретарщ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Гъудэ А. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщIыр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр

Къарэмырзэ Б. С. – «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и ректорыр *(зэгурыIуэу)*

Мэкъуауэ А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщIыр

Муртазов Б. С. - Шэрдж муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Мусуков А. TI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр

Туменов М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал хьылыкъум, коррупцэм пэщIэтыным, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Федченко Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуэу)*

Эфендиев Ф. С. – «ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэм и проректорыр *(зэгурыIуэу)*

● Къэрал Iуэхущ Iапl эхэм

Налшык къалэм щыщ архивистхэр япэ йощ

Хабзэ дахэ хъуауэ, КъБР-м и Архив Iуэхущ Iапl эм ирегъэкIуэкI «КъБР-м и муниципальнэ архив нэхъыфI» республикэ зэхъэзэхуэр. ЗэщеуэмкIэ зэхэгъэкIа мэхъу районхэм дэфтэрхэр зэрыщахъумэм, а IэнатIэм зегъэужьыныкIэ IэщIагъэлIхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм епха Iуэхуэр.

Я IУЭХУ зехьэкIэкIэ нэхъыфIу къыщIэкIащ Налшык, Май къалэхэм я архив къудамэхэр. ЕтIуанэ увыпIэм щытщ Прохладнэ районым и архив Iуэхущ Iапl эр, ещанэр - Шэрэдж щIыналъэм и архив IэнатIэрщ.

Пашэ хъуахэм щIыхь тхыльрэ саугъэтрэ ираташ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ*

● Тэрч щIыналъэ

Япэ имыщмэ, къакIэрыхуркъым

Зы зэманкIэ дызэIэбэкIыжмэ, Тэрч районым и «Опытнэ» ОПХ-м къигъэкI жылапхъэфIхэмкIэ республикэм и мэкъумэщ Iуэхущ Iапl эхэм сэгъуэр къраль эпIэу щытащ. Иужькl э мыбыи къыпхъэIэсащ къэралым и лъэпхъэкIуэум и Iэужьри. Ауэ сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэм хэмытами, гугъу ехьу зэманкIэ игъэтIылъа лъабжьэр зэрихъумэным хэтащ. Абы къыдэкIауэ жылпIэ хъунущ иужьрей илъэсхэм ОПХ-м зригъэгъуэтыжа ехьулIэныгъэхэр.

ХэтKIи щIэкъуым мэкъумэшыщIэхэм иужьрей илъэсхэм гъатхаси бжьыхьэси Урысейм и адрей щIыналъэхэм, псом хуэмыдэу Краснодар краймэ, кьраш жылапхъэхэмкIэ зэфIагъэкIуэ къызэрекIкIар. Нобэ абыхэм къагурыIуэжащ уи лъахэ къыщыгъэкIыжым хуэдэ зэрыщымыIэр.

Мы зэманым «Опытнэ» хозяйствэм иIэщ, щIым телъжьыбэ дэтхэнэри зыхуеину жылэфIхэм къищынэмыщIауэ, ахэр зэрызэхадз, зэрагъэгъущ Iэмэпсымэ къарзынахэр.

ОПХ-м и унафэщI Iэщхьуэт Алик зэрыжиIамкIэ, илъэс куэд лъандэрэ ямылъэгуа хэхъуэр иджы яIэу хуежьащ, Iэнатlэм зеужьыж.

Хозяйствэм жылапхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIыпIэ щIыхьэхэм щыхесэ, жылэр нэхъыфIу къыщыкIыну щIыпIэр зыхуэдэр щыуагъэнщIу къахутэн папщIэ. Кьапщтэмэ, ди республикэм тафэтес, бгыпIэ хозяйствэхэр и мащIэкъым. Гъавэр къыззщIэрыуа ныужь бэджэндырылажьэхэр кьрагъэблагъэри ирагъэпIагъу жылапхъэм и щытыкIэр зыхуэдэр. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм и фIыгъэкIэ щIыхьэхэм кьагурыIуащ КъБР-м кьыщагъэкI жылэхэр лъапсейуэ нэгъуэщI щIыпIэхэм кьыщащхьхэм фIагъэкIэ ялэ имыщмэ, кьаззрыкIэрымыхьр.

ОПХ-м иджыпсту щыщIэдзауэ бжьыхьэсэм зыхуегъэзэрыр икIи абы и Iуэхутхьбзэм хуэныкъуэ дэтхэнэри ирегъэблагъэ. Зи IэщIагъэм илъэс куэд хъуауэ ирилажьэ IэщIагъэлIэр хъэзырыр ди республикэм и мэкъумэщыщIэхэм чанд ящ щхьэпэхэмкIэ зыщIагъэкIуэну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Псапэ

Ди лъэпкъэгъуэхэм зыщIагъакъуэ

НэщI мазэ лъапIэм къриубыдэу екIуэкIа «IуэхуфIхэр» псапащIэр щыщхьэуIум и 1-м - Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэм - и кIэм нэблэгащ. КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, КъБР-м и Мусылъмэнхэм я Iуэхущ Iапl эм, Iуэху куэд зыгъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым я жэрдэмщ зи гугъу тщIыр. А IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр щыIащ Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъуэр зыщIэс «Терек» санаторэм. Унагъуэхэм хуашащ ерыскъыхэкIхэр, кьабзагъэм зэрыкIэлъыплъ Iэмэпсымэхэр. Ахэр щызэхухьэсащ Налшык къалэ дэт тыкуэнышхуэхэм. ЩIыхьэпIэхэм щагъэува ашыкхэм из ящIат республикэм и цIыхухэм.

НАФIЭДЗ Заремэ.

Автомашинэхэр Iуашынущ

Дяпэкlэ Налшык къалэми щагъэтхIиинущ къемызэгъ щIыпIэхэм щхьэзыфIэфIу автомашинэхэр щызыгъэувэхэм яхь жэуапыр. Апхуэдэ транспортыр гъэзгу-плъыр Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм Iуашу гъэзыкIыну щIыхьэхэм яшэнкlэ хъунущ.

«ЯПЭХЭМ дэ апхуэдэ лэжьыгъэ едгъэкIуэкIыну щытакъым, зыхуэфащэ техникэ зэрыдимыIэм схьыкIыну. Иджы къуэдзыр зыгъэралъхьэхэм я транспортыр щхьэумэ щIыпIэм ику иту махуэ къэс автомобили 4 яшэ. Автомашинэр абы къытрихужьын папщIэ транспортыр зызейм сом 1500-рэ итын хуейщ», - къыджIащ инспектор Елмэс Алим.

Апхуэдэ лэжьыгъэм къалэм и гъэзгуэмрэ зекIуапIэхэмрэ щыIэ щытыкIэр нэрылъагъуу иригъэфIэкIуэн хуейщ. Зэуэ псори зэтес хъуну къыщIэкIынкъым, ауэ иджыпсту щыщIэдзауэ гу лъыботэ хабзэм къемызэгъыу автомашинэ нэхъыбэ щагъэувэу щыта щIыпIэм - КIыщокъуэмрэ Пушкиныр щыIэ уэрамхэм я зэблэкIыпIэм - иужь зэманым транспортыр хуиту щызекIуэу зэрыхуеужьэжар.

Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Шэджэм щIыналъэ

Щыхьэрым и дыхьэпIэр зэIузэпэщ ящI

Республикэм и унафэщIым къызэрыхуагъэувам тету Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм дэжьыгъэщхуэ иригъэжащ Шэджэм къалэм и лъэныкъуэкIэ Налшык и къыдыхьэпIэм дэж гъэхъбзэнымрэ ар зыгъэпсэхупIэ щIынымрэ хуэгъэзауэ.

МЫБДЕЖ кьащыщэрагъэпэщыну зыгъэпсэхупIэм жыгхэр, нэгъуэщI къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхасэнущ, тетIысхьэпIэхэр щагъэувынущ, уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ. «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгум хэкIыу абы екIуалIэ гъуэгур зыхуеяр хуагъэзэнущ.

Иджыпсту щIыналъэр зэтес ящI, кумбхэм щIы иракIутэ. Лъэжьигъэ псори мы мазэм кьриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Аруан щIыналъэ

ЩIыIэ къэкIуэнум зыхуагъэхьэзыр

Аруан районым и «Урваньтеплосервис» ОАО-м бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуегъэхьэзыр.

МЫ IЭНАТIЭМ кьегъэщIылIащ хуабэ зрикIуэ бжьамийхэри куейм ит унэ зэтетхэри. Мы зэманым ирихьэлIэу Iэщ IагъэлIхэм кащIытащ, газым ехьэлIауэ унагъуэхэм кьыщагъэсэбэп псоми я щытыкIэр, сэкъат зиIэхэр зэрагъэпэщыжащ.

Iуэхущ Iапl эм и унафэщI Жаборэ Асхэрбий кьызэрыхигъэщамкIэ, ОАО-м и лэжьыгъэ псори тэмэму зэтеубла хъуащ икIи сыт и лъэныкъуэкIи бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэхьэзырщ. Iуэхур кьэзылъахъэу щыIэр гъэсыныпхъэ щхъуантIэр кьэзыгъэсэбэп унагъуэхэм абы пэкIуэ уасэр зэрамытырщ. Апхуэдэу екIуэкIмэ, унэхэр и чэзум ямыгъэпльыпри хэльщ хэльщ, - жеIэ Жаборэм.

Гъавэр Iуахыж

Аруан районым бжьыхьэсэр щыIуахыж. Старэ Шэрэдж щыщ Мырза Мухьэмэд и уней хозяйствэм мы илъэсым гуэдзу гектар 70 хисати, ар кIэрыхуншэу кьрихьэлIэжьын хуэфIэкIащ.

«Пасэу сэным зэрыщIэддзар сыт и лъэныкъуэкIи кьытщхьэпэжащ. Абы и ужькIэ кьыкIэлъыкIуа махуэ уэлбанэриидэхэм дыхиубыдатэмэ, кIэрыху дыззриIэнум шэч хэлътэкъым», - жеIэ бэджэндырылажьэ IэкIуэлъакIуэм.

Мыбы зы гектарым хуэзэу центнер 45-рэ кьытрихащ. Ар мащIэкъым. Гуэдзыр бэв щIэхъуар зи фIыгъэхэм ящыщу щIыр псыIагъ зэрыхуэмыныкъуамрэ и чэзум бжьыхьэсэр зэрырагъэкIуэкIамрэ. УнафэщIым кьызэрыхигъэщамкIэ, иджы псом ящхьэр уасэ тэмэм кьыпэкIуэу гуэдзыр щэнраци, дяпэкIэ абы и Iуэху зэрахуэнущ.

Мырзэм езым и техникэрэ и лэжьакIуэрэ иIэжщ. ЛэжьащIэр и чэзум ярет, гъавэхэкIхэмкIи унагъуэ щхьэхуэхэм япоIэбэ.

Иджыпсту гуэдзыр кьызытрахыжа щIыр явэ, ягъэщабэ, кьыщIалахыкIа хьэуаззэми щIэупщIэ иIэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди къуэш республикэхэм

Цемент завод яухуэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ «Евроцемент груп» ЗАО-м и директорхэм я советым и унафэщI Гальчев Филаретрэ Мэзкуу щызэIущIащ. Ахэр тепсэлъыхьащ КъШР-м цемент завод щыуухуэнымкIэ инвестицэ проектыр зэрыпхагъэкIынум. Абы 2016 гъэм и кIэм нэсыху компанием сом меларди 8-м нэс хилъхьэнущ.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщIымрэ холдингымрэ зэрызэгурыIуам тету яуухуэну заводым зы илъэсым цемент тонн мелуани 4 къыщIигъэкIыфынущ. ЛъэныкъуитIми кьыхагъэщащ щIыналъэмрэ компаниемрэ зэрызэдэлажьэм адэкIи зэрызрагъэубгъунур.

ЦIыху мин 20-м зыщапльыхьащ

БлэкIа гъэмахуэ мазитIым «Архъыз» зыгъэпсэхупIэм цIыху мин 20-м щIигъу щыIащ. «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и генеральнэ унафэщI Верещагин Сергей зэрыжиIамкIэ, апхуэдиз цIыху къахуэзышар гъэмахуэм тещIыхьа нэгузегъэужьыпIэхэр къызэрызэрагъэпэщарщ.

КIАПСЭ гъуэгуэр мэлажь. Палаткэ лагерхэм къыщыувыIэ хьэщIэхэм кIапсэ гъуэгур къагъэсэбэп, Архъыз аузым и дахагъэм епльыну докI. Нэхъыщхьэраци, а Iуэхутхьбзэхэм я уасэр езэгъыграбгъуэ. Верещагин Сергей къызэрыхигъэщащи, щIымахуэм зэ нэхъ мыхъуми абы зыщызыплъыхьахэм, гъэмахуэм кьытрагъэзэж я ныбжьэгъуэхри къыздашэ.

Мэзкуу щокIуэкI

АДЫГЕЙ. **Щэнхабзэм и илъэсым хиубыдэу, Мэзкуу и КъуэкIыпIэ музейм къыщызэIуахащ «Адыгейм и псысэхэр. Къат Теувэж и иллюстрацхэр» гъэлъэгъуэныгъэр. Абы къызэщIеубыдэ адыгэ IуэрыIуатэр зи лъабжьэ линогравюрэ 14.**

ЗыРИ зыпэмыльэщ аIыхъужьхэмрэ лэжьакIуэбэмрэ, жинхэмрэ иныжьхэмрэ, щакIуэхэмрэ псэущхьэхэмрэ - къэгупсысахэмрэ ипэжьыпIэкIэ щыIэхэмрэ гъэщIэгъуэну щызэхэухуэнащ адыгэ сурэтыщI Къат Теувэж и лэжьыгъэхэм. Абыхэм кьыщыгъэльэгъуащ адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр, абы и Iуущыгъэмрэ и хабзэхэмрэ. Къат Теувэж «анищым я къуэу» - Адыгейм, Кубаным, Куржым - зыкъелытэж. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри щапхъэ хуэхъуащ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIкI щыщIыкIыныпкIэ. «Ди щэнхабзэхэм зэщхьэщщкIыныгъэшхуэ зэи хэслъагъэхьам. Сурэт щIыныпкIэ, лъэпкъ щхыныгъуэхэмкIэ, псэукIэмкIэ, гъэсэныгъэмкIэ зэщхь дызыщI куэд щыIэщ», - жеIэ сурэтыщIым.

Адыгейм, Урысейм щIыхь зиIэ я художник Къат Теувэж Урысейми хамэ къэралхэми щыщIэрыIуэщ. Адыгейм щыщу аращ «Урысей Федерацэм и цIыхубэ художник» цIэ лъапIэр япэу зыфIащар.

Выставкэр щыщхьэуIум и 20 щIондэ екIуэкIынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мы махуэхэм

Щыщхьэуlум и 7, *махуэку*

♦1646 гъэм къзазакъ атаман Пожарский Семёнрэ адыгэщ Черкасский Муцалрэ зауэлI мини 6 зыхэт я дзэр кьрым хъан Нурадин-Джэрий и хэщIапIэм теуэри, хьэбэсабэу зэтракьутащ.

♦1833 гъэм Черепанов зэадзэзэкъуэхэу Ефимрэ Миронрэ Урысейм япэ дыдэу мафIэгу щащIащ, гъущI гъуэгууи километри 3,5-рэ щащхуащ.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкIэ щагъэуващ.

♦2008 гъэм куржыдзэхэр ятеуащ Осетие Ипщэмрэ а щIыналъэм щыIэ урысей мамырщIэкъуэхэмрэ. Абы жэуап иратыжащ икIи Куржым и дзэхэр зэтракьутэри, зауэр шыщхьэуIум и 12-м яухащ.

♦Футболист цIэрыIуэ, СССР-м спортымкIэ щыIэ зиIэ и мастер **Газзаев Валерий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу. Ар зи тренеру щыта ЦСКА командэм Урысейм щыяпэу 2005 гъэм кьихьащ УЕФА-м и Кубокыр.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 – 25-рэ, жэщым градус 17 – 20 щыхъунущ.

Щыщхьэуlум и 8, *мэрем*

♦Ипщэ-КъуэкIыпIэ Азием хыхьэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм (АСЕАН) и махуэщ. Абы хохьэ къэралипщI.

♦**Владимирскэ областым и къалащхьэ Суздаль и махуэщ**

♦1899 гъэм США-м дунейм щыяпэущIалъэ (холодильник) щащIащ.

♦1924 гъэм Москва и уэрамхэм кьыдыхьащ щIыхуэхэр кьызэрыраушхI япэ автобусхэр. Автобусий Каланчевскэ утымрэ Тверская застаевэмрэ яку дэлъ гъуэгуанэм теуват.

♦1942 гъэм ЗыхъуэмэжыныгъэмкIэ Налшык комитетым унафэ ищIащ и кьалэм и кьыдыхьэпIэхэм быдапIэхэр щахухуэну.

♦1949 гъэм Страсбург (Франджы) кьыщызэIуахащ Европэм и Советым и Парламент зэгухьэныгъэм и япэ сессиер.

♦Мысырым и политикэ, къэрал лэжьакIуэ, «Шэрджэсхэмрэ Мысырымрэ», «Адыгэ лъэпкъым и щхьэ кьурикIуа гуэвэгъуэщхуэм и тхыдэр», «Ар си лъэпкъщ» тхылъхэр зи Iэдакъэщ Iкl **Рушди (Фэукъуэ) Расим** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокIу.

♦Балетмейстер **Марыщ Заур** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокIу.

♦ КъухьлъатэзэхуэхэкIмонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Савицкая Светланэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.

♦Высоцкий Владимир и къэрал щэнхабзэ центрыр къызэзыгъэпэща икIи абы и унафэщI, урысей актёр, режиссёр **Высоцкий Никитэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 – 29-рэ, жэщым градус 20 – 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Уи псалъэр гъэкIэщIи, гупсысэр гъэкIыхь.

2014 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къэнэжа мазиплIым къаIэрыхьэн папщIэ «Адыгэ псалъэ» газетым мы зэманым Iэ щIадз

Поштым и лэжьакIуэхэм зэбграхыжмэ, абы мазиплIым сом 596-рэ кIэпIейкIэ 30-рэ и уасэщ.

Пощт Iуэхущ Iапl эхэм газетыр кьыщыIахыжмэ, сом 382-рэ щIатыну араща.

Зы мазэм къаIэрыхьэн папщIэ газетым сом 95-рэ кIэпIейкIэ 50-рэ хуозэ.

Ди индексыр 51531

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий:

Щыгъэсалъэр зэгурыIуэн папщIэщ

«Шэрджэс Iуэху» жыхуаIэм, къэралым папщIэ лъэпощхэ поуэ щытыным и пIэкIэ Iуфэм и лъэр дуней псом гъэбыда щыхъунымкIэ сэрэп къихьыфынт. Апхуэдэу къельытэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Уэ дауэ уепльрэ, шэрджэс Iуэхур къызэрэкIыж хуей гугъуехьхэм ящыщ хьэмэрэ Урысей Федерацэм и къэрал щIыб политикэр пхыгъэкIынымкIэ хэкIыпIэ?

- ЖыIэн хуейщ «шэрджэс Iуэху» жыхуаIэмкIэ щытыкIэр щыгъэпкъ-рыха тхылъхэм зэрыщыту адыгэ лъэпкъым къыпщыдгъэ къэлэн мы-тыншэкэр къызэрагъэльагъуэр. Гугъуехьхэр XYIII- XIX лIщIыгъуэхэм, Кавказ зауэр къэхьеи нэужь, къежьащ, сыту жыIэпIэмэ а зауэм адыгэхэм гуэввэгъуэшхуэ къахудэкIуащ икIи лъэпкъыр дуней псом щыгъэбгридзащ. Иджыпсту адэжь щыналъэм - Урысейм щыщ Кавказ Ищхъэрэм - лъэпкъым щыщу кынар машIэ дыдэщ, нэхъыбапIэр къэрал 50-м щIигъум щикъухьащ.

Мис а псоми политикэ, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм яхуэгъэзэа гугъуехьхэр кьашэ. Уэ иджыпсту узыщIэупщIэр мы Iуэхур къэрал щIыб политикэм зэрыпыщIар аращи, кьыхэзгъэщхьэхукIынщ: къаззэрыхуиухам хуэдэу къыщыхута къэралхэм я жылагъуэ-политикэ гъащIэмрэ социальнэ Iуэхухэмрэ адыгэхэр тэмэму хэзгъащ. Нобэ адыгэ диаспорэм а къэралхэм хуэфащэн увыпIэ щеубыд, пщIэрэ щхьэрэ щиIэщ, жылагъуэ-политикэ зэтыкум езым и псалъэ щыжеIэф, къэрал унафэщIхэм я кьылъытэ. НэгъуэщI къэралхэм ис адыгэхэм зи щIэр жыжжэ щыIуа щIыхуэкэр - тхакIуэхэр, артистхэр, щIэныгъэлIэхэр, Нобель и саугъэтыр зратахэр, олимп чемпионхэр, дунейпсо чемпионхэр, къэрал лъжьакIуэхэр, министрхэр, сенаторхэр яхэтщ.

Иджыпсту дэ зедгъэсэн хуейщ ди щэнхабзэ, тхыдэ, политикэ фIыгъуэхэр къэдгъэсэбэпырэ дунейпсо утыкум сэбэп дызэрыщыхъуным. Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэт зэгухьэныгъэ псоми я гур Урысейм кIэ-гъэзащ. Дэ дыурысей лъэпкъ, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэр Урысейм щыщ ди лъэпкъэгъуэхащ. Дэ ди кьарур зыхуэунэтIар дуней псом адыгэу тетым я щэнхабзэр, акъылыр, экономикэ зэфIэкIыр УФ-м и сэбэп зыхэлъэм, абы дуней щIэ щIэр къэзгъэтыным хуэгъэлэжьэныщ. Къэтщтэнщ Украинэм мы зэманым щекIуэкI гуэввэгъуэр. Дунейм щыIэ къэрал зэмылIэужьыгъуэ 50-м щыпсэу адыгэхэм Урысейм и идеологиер зэIуихуэу даIыгъуэ хуежьэмэ, абы УФ-м и къэрал щIыб политикэр зыIэтэмэмхэм я бжыгъэм хигъэхъуэнщ. Мис а псоми къыхэкIыу «шэрджэс Iуэху» жыхуаIэр къэралым папщIэ лъэпощхэпоуэ щытыным и пIэкIэ Урысейм и лъэр дуней псом щыгъэбыдэныкIэ сэбэп хуэфынт.

- Олимпиадэм и пэ къихуэу абы теухуа утыку Iуэху куэд щыIащ. Уэ дауэ къэплъытэрэ, а псоми зыгуэр къикIа хьэмэрэ ауэ сытми «Iубахъэу» кIуэдыжа?

- Сочэ XXII ЩIымахуэ Олимп Джагуар щрагъэкIуэкIыну зэрытраухуар зэрагъэIуу, адыгэхэр кьыгъэщIигъэплъащ лъэпкъыр ижьижьыж лъандэрэ щыпсэуа щыпIэм Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъу гъэм Олимпиадэр зэрыщрагъэкIуэкIыным. А псом ищIыжжкIэ щыхуэзгъэхьэгъэ тхIийуэ къэуващ Сочэ Олимпиадэр зэрыщрагъэкIуэкIыным и бийуэ.

Олимпиадэр щрагъэкIуэкIыну щыпIэр зи адэжь щыналъэу щыт адыгэхэм я тхыдэмрэ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ яхуэфэщэн пщIэ ягъэтыну къыльытэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм япэ махуэхэм щегъэжьауэ триухуащ Олимпиадэр диIыгъыну.

А Iуэхухэм тепсэльыхьауэ щытащ нэгъуэщI къэралхэм ис адыгэхэм я лIыкIуэ гуп Краснодар крайм щыщIыIам. Делегацэр олимп ухуэныгъэхэм еплъащ, щIыналъэм щыпсэухэмрэ властым и лIыкIуэхэмрэ, къапщтэмэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Козак Дмитрий, Краснодар крайм и администрацэм и Iэтащхьэ Ткачёв Александр, «Сочэ-2014» КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и президент Чернышенкэ Дмитрий сымэ яхуэзащ.

Тенджыз ФIыцIэ Iуфэр адыгэхэм я адэжь щыналъэу зэрыщытыр, абыхэм я дежкIэ Сочэ къалэм мы-хьэнэ хэха зэрилэр къыхигъэщри, Козак Дмитрий Николай и къуэм къэрал унафэщIхэм я цIэкIэ официальнэу жиIащ Олимпиадэр щрагъэкIкIэ адыгэхэм я щэнхабзэр зыубгъуэу зэрагъэльэгъуэнур икIи абы зэхьэзэхуэм и программмэм хуэфащэн увыпIэ зэрыщиубыдынур.

Пэж дыдэу, Олимпиадэм и щэнхабзэ программмэм адыгэ гъащIэр зыубгъуауэ утыку къыщрахьащ. Къбгъэльэгъэсэбэпырэ дунейпсо утыкум сэбэп дызэрыщыхъуным. Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэт зэгухьэныгъэ псоми я гур Урысейм кIэ-гъэзащ. Дэ дыурысей лъэпкъ, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэр Урысейм щыщ ди лъэпкъэгъуэхащ. Дэ ди кьарур зыхуэунэтIар дуней псом адыгэу тетым я щэнхабзэр, акъылыр, экономикэ зэфIэкIыр УФ-м и сэбэп зыхэлъэм, абы дуней щIэ щIэр къэзгъэтыным хуэгъэлэжьэныщ. Къэтщтэнщ Украинэм мы зэманым щекIуэкI гуэввэгъуэр. Дуней щIэ къэрал зэмылIэужьыгъуэ 50-м щыпсэу адыгэхэм Урысейм и идеологиер зэIуихуэу даIыгъуэ хуежьэмэ, абы УФ-м и къэрал щIыб политикэр зыIэтэмэмхэм я бжыгъэм хигъэхъуэнщ. Мис а псоми къыхэкIыу «шэрджэс Iуэху» жыхуаIэр къэралым папщIэ лъэпощхэпоуэ щытыным и пIэкIэ Урысейм и лъэр дуней псом щыгъэбыдэныкIэ сэбэп хуэфынт.

- Олимпиадэм и пэ къихуэу абы теухуа утыку Iуэху куэд щыIащ. Уэ дауэ къэплъытэрэ, а псоми зыгуэр къикIа хьэмэрэ ауэ сытми «Iубахъэу» кIуэдыжа?

- Сочэ XXII ЩIымахуэ Олимп Джагуар щрагъэкIуэкIыну зэрытраухуар зэрагъэIуу, адыгэхэр кьыгъэщIигъэплъащ лъэпкъыр ижьижьыж лъандэрэ щыпсэуа щыпIэм Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъу гъэм Олимпиадэр зэрыщрагъэкIуэкIыным. А псом ищIыжжкIэ щыхуэзгъэхьэгъэ тхIийуэ къэуващ Сочэ Олимпиадэр зэрыщрагъэкIуэкIыным и бийуэ.

Олимпиадэр щрагъэкIуэкIыну щыпIэр зи адэжь щыналъэу щыт адыгэхэм я тхыдэмрэ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ яхуэфэщэн пщIэ ягъэтыну къыльытэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм япэ махуэхэм щегъэжьауэ триухуащ Олимпиадэр диIыгъыну.

А Iуэхухэм тепсэльыхьауэ щытащ нэгъуэщI къэралхэм ис адыгэхэм я лIыкIуэ гуп Краснодар крайм щыщIыIам. Делегацэр олимп ухуэныгъэхэм еплъащ, щIыналъэм щыпсэухэмрэ властым и лIыкIуэхэмрэ, къапщтэмэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Козак Дмитрий, Краснодар крайм и администрацэм и Iэтащхьэ Ткачёв Александр, «Сочэ-2014» КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и президент Чернышенкэ Дмитрий сымэ яхуэзащ.

Тенджыз ФIыцIэ Iуфэр адыгэхэм я адэжь щыналъэу зэрыщытыр, абыхэм я дежкIэ Сочэ къалэм мы-хьэнэ хэха зэрилэр къыхигъэщри, Козак Дмитрий Николай и къуэм къэрал унафэщIхэм я цIэкIэ официальнэу жиIащ Олимпиадэр щрагъэкIкIэ адыгэхэм я щэнхабзэр зыубгъуэу зэрагъэльэгъуэнур икIи абы зэхьэзэхуэм и программмэм хуэфащэн увыпIэ зэрыщиубыдынур.

Пэж дыдэу, Олимпиадэм и щэнхабзэ программмэм адыгэ гъащIэр зыубгъуауэ утыку къыщрахьащ. Къбгъэльэгъэсэбэпырэ дунейпсо утыкум сэбэп дызэрыщыхъуным. Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэт зэгухьэныгъэ псоми я гур Урысейм кIэ-гъэзащ. Дэ дыурысей лъэпкъ, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэр Урысейм щыщ ди лъэпкъэгъуэхащ. Дэ ди кьарур зыхуэунэтIар дуней псом адыгэу тетым я щэнхабзэр, акъылыр, экономикэ зэфIэкIыр УФ-м и сэбэп зыхэлъэм, абы дуней щIэ щIэр къэзгъэтыным хуэгъэлэжьэныщ. Къэтщтэнщ Украинэм мы зэманым щекIуэкI гуэввэгъуэр. Дуней щIэ къэрал зэмылIэужьыгъуэ 50-м щыпсэу адыгэхэм Урысейм и идеологиер зэIуихуэу даIыгъуэ хуежьэмэ, абы УФ-м и къэрал щIыб политикэр зыIэтэмэмхэм я бжыгъэм хигъэхъуэнщ. Мис а псоми къыхэкIыу «шэрджэс Iуэху» жыхуаIэр къэралым папщIэ лъэпощхэпоуэ щытыным и пIэкIэ Урысейм и лъэр дуней псом щыгъэбыдэныкIэ сэбэп хуэфынт.

- Олимпиадэм и пэ къихуэу абы теухуа утыку Iуэху куэд щыIащ. Уэ дауэ къэплъытэрэ, а псоми зыгуэр къикIа хьэмэрэ ауэ сытми «Iубахъэу» кIуэдыжа?

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр 1991 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. Ассоциацэм хохьэ Къбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, тенджыз ФIыцIэм Iус Хасэм щыIэ щIэныгъэлIэхэм, Москва, Краснодар крайм я «Адыгэ Хасэ» зэгухьэныгъэхэр, апхуэдэу Тыркум, Иорданием, Сириеи, Израильм, США-м (Калифорние, Нью-Джерси штатхэм), Европэм щыпсэу адыгэхэм я зэгухьэныгъэхэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм щыIэ зэуэныж къэлэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ, хабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ, лъэпкъэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэныр, нэгъуэщI къэралхэм щыIэ щэнхабзэ диаспорэхэр езыхэр щыпсэу щыпIэхэм дя къэралым и пщIэмрэ щIыхьымрэ Iэтыным къыхэщIыр, абыхэм я щэнхабзэ, щIэныгъэ, экономикэ зэфIэкIхэр Урысей Федерацэм сэбэп хуэхъун хуэдэу ди къэралми абы и щIыбкIи къыщыгъэсэбэпынур, зи адэжь хэкум къэзыгъэзэжыну мурад щыщIахэр къэIэпхъуэжыныжкIэ зыхуеину Iэмалхэр къахуэзгъэпэщыныр.

Къыщзэрэгъэпэщэ блэкIа илъэс 20-м щIигъум къыриубыдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэр хуэзыIуэлъакIуэ хъуащ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, къэрал Iэнатlэхэм, егъэджэныгъэмкIэ Iуэхущlапlэхэм ядэлажьэныр.

- Сириери яхэту, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм фаэзрыдэIэпыкъу щыкIэм тхутепсэльыхьыхьыт.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрагъэпэща иужькIэ апэ илъэсхэм абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу щытар ди хэкуэгъуэхэм запыщIэнырт, ауэ иджы дэ зэкIэпхъыкIуэ къыхэзгъэкIыжащ, щыхуэхэм щегъэжьауэ, апхуэдэу щIалэгъуалэм, зэгухьэныгъэ зэрызэпыщIам зегъэужьынымкIэ. Ди дежь щеджахэм Къыщхьэ Гъунэгъум, Европэм, Азием, Америкэм я къэралхэм я щэнхабзэ, щIэныгъэ, экономикэ, политикэ гъащIэм увыпIэ хъарзынэхэр щаубыд икIи ахэр щылажьэ я къэралхэмрэ ди хэкумрэ яку зэныбжьэгъугъэ дэпэныныжкIэ сэбэпышхуэ мэхъу. Зрагъэгъуэта щIэныгъэр Iэкlуэльакlуэу Урысейм къыщыщIэгъэсэбэнэрэ мащIэкъым.

Ди хэкуэгъуэхэм яхудиIэ гуманитар, щIэныгъэ пыщIэныгъэхэр зэблигъэкIыфыну дыщоГугъ нэгъуэщI къэралхэм щыщу Къбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэзыухахэмрэ абы и ныбжьэгъухэмрэ я Ассоциацэу гъэкIуам и жэпуэгъуэ маздм къызэрагъэпэщам. Ассоциацэм хэтщ къэрал къулыкъущIэхэр, дипломатхэр, щIэныгъэмрэ творчествэмрэ епха интеллигенцэм и лIыкIуэхэр, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, къэрычэтыщIэхэр, Iэщlагъэлъ ныбжьыщIэхэр.

А псоми кьадэкIуэу нэгъуэщI къэралхэм щыщ адыгэ сабийхэм анэдэлъхубзэр зэрыраГъэджыну тхылъхэр яхудогъэхь, вузхэм щылэжьхэн папщIэ егъэджакIуэхэр догъакIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм Тыркум, Иорданием, Сирием щыщ ди лъэпкъэгъуэхэм я сабийхэр гъэкъэс кьыдогъэблагъэ, абыхэм папщIэ щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ программэ зэхарзынэхэр догъэхьэзыр.

Дуней псом хуэдэуи, иужьрей илъэсхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэр тегузэвыхьыу кIэлъоупЪ Сирием щекIуэкI гуэввэгъуэм. Абы ди нэIэ зэрытедгъэтым кьыдэкIуэу дэ хуабжьу дегъэгузавэ щIыху лажьэншэхэр зэрыхэкIуадэм. Псом хуэмыдэу дэ апхуэдизу дыщIэпIейтейр Сириеи щыIэ адыгэ диаспорэр зэрыниныр, абы щIыху мини 120-м щIигъу кьызэрыщIэщIибыдэрщ.

Дэ икъукIэ пщIэшхуэ худощI Сириеи щыIэ гуэввэгъуэр зэпсэльныгъэхэм тету зэтес щIыжьным и лъэныкъуэкIэ Урысей Федерацэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэщIыхуэм. Дуней псом фIыуэ къащыгуроIуэ егупсысауэ икIи текI имыIэу Урысейм зэфIигъэкIэхэм я фIыщIэкIэ Сириеи и къэрал IуэщI зэпэщIэтныгъэм Iэщэ яIыгъыу хэIэбэну зи мурадхэр зэрызэтриIыгъэр. Абы ипкъэкIэ мыхьэнэщхуэ иIэщ, сыту жыIэпIэмэ зауэм и дэтхэнэ зы махуэми зэхэкъутэныгъэ инхэр къьхь, щIыцIухэр хокIуадэ.

Сирие Хьэрып Республикэр гуэввэгъуэшхуэ зэрыхэхуар япэ дыдэу къэзыIуьыта икIи абы гуманитар дэIэпыкъуныгъэ зэрэтеIэ, идкIыри езыт къэралыр Урысей Федерацэрщ.

Сириеи щыщу залымыгъэкIэ зи щIыналъэр зрагъэбгынахэу ди деж къыщцхэутахэр щIэтIэ ихьэжьаxэм хиубыдэрхъым, Урысейм и законодательствэм ипкъ иткIэ, ауэ а къэралым щыIэ щытыкIэр къалъытэурэ, абыхэм зы илъэскIэ ди деж щцпсэну хуит зыщI тхылъхэр ират, зауэр мыувыIэмэ, адэкIи а пIалъэм хупащэнущ. Зауэр къыщцхъхэм япэ махуэхэм щегъэжьауэ диаспорэм щыщ куэдым я адэжь щыналъэм къагъэзэжмыну траухуауэ щытащ. Нобэм ирихьэлIу Урысейм къызэпхъуэжащ цIыху миным щIигъу. Абыхэм зыщIэсынрэ зыхэпсэукIынкIэ щадэIэпыкъущ Къбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым. Ди лъэпкъэгъуэм зыщIагъэкъуэн папщIэ счет щхьэхуэхэр къызэIуахащ, цIыхухэм пщIэншэу медицинэ Iуэхутхъэбзэхэр хуащIэ, еджапIэхэм щIагъэтIысхъэ, урысыбзэмрэ анэдэлъбзэмрэ ирагъэдж. Гъащ1эм тэмэму хэзэгъэжын папщIэ абыхэм нэгъуэщI Iуэхухэри драгъэкIуэкI, псапащIэ концертхэр, телемарафонхэр къызэрагъэпэщ.

Сириеи къиIэпхъуэкIыжахэм папщIэ республикэм и къуажэхэм щIапIэ 20 кьащщащхуащ апхуэдэу зэкуагъэхэса ахъщэхIэ. Иджыри апхуэдэ къуажэ щIапIэу 61 р кьащэ-хуну я мурадщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, дэ къызэрытльытэмкIэ, зи псэупIэр хьифIэзыдэдзу Сириеи къиIэпхъуэкIжын хуей хъуэхэм бюджетым къыхэкIыу къэралыр ядэIэпыкъупхъэщ.

- Адыгэ Iуэхум теухуа псалъэмакъым сыт хуэдэ унэтIныныгъэм тету зиужьын хуейуэ къэплъытэрэ?

- Мыбдеж Iуэху зыбжанэ къыщыхэгъэщыпхъэщ. **Япэр** - дэтхэнэ зы Iуэхур дэ зэрыдэдгъэкIыну ди мурадыр зэпэпыкъупхъэщ.

Етlуанэр - адыгэхэм я Iуэхур дэгъэкIныныр Урысей Федерацэм и хабзэ мардэхэм къотIасэ. **Ещанэр** - XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Адыгеймрэ я парламентхэм Кавказ зауэм и илъэсхэм ящIэхэм къытехьа гуэвзэгъуэшхуэр лапсэрыс Iуэхуу (геноцид) къальытауэ щытащ. Нобэрей адыгэ жылагъуэм Кавказ зауэр Урысейм и пащтыхым и политикэм и Iэужьу зэрыщытыр нэгъэсауэ къыгуроIуэ икIи адыгэхэм ягъэва гуэвзэгъуэмкIэ иджыри Урысейр игъэкъуаншэркъым. Ди дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр а гуауэшхуэр зэрыщыIар зэIухауэ жыIэнырщ икIи Кавказ зауэр цIыхугъэншагъэу зэрыщытар къэльытэнырщ. Тхыдэм и пэжыр зэфIэгъэувэжыным къыдэкIуэу, ар сэбэп хъунущ ди къэралым демократиер зи лъабжьэ и къэкIуэну псэукIэм и хабзэхэр зэтегъэувэзнымкIэ.

Дэ зэхьдощIыкI лъэпкъэр зэбийуэ игъащIэкIэ екIуэкI зэрымыхъунур. Зауэхэр яхуикIи лъэпкъэм, а зауэхэр зэрыхабзэнщагъэр къалъытэри, зэдэлажьэу щIадзэж, яку дэлъа экономикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр зэтрагъэувэж. Мис абы кьыхэкIыу нобэрей адыгэхэр урысхэми, псэуэгъэ яхуэхъуа адрей лъэпкъхэми ягуроIуэ.

ЕплIанэр - Кавказ зауэм и пэкIи абы и уэкькIи адыгэхэмрэ урысхэмрэ зэгъэнэгъуфIу, зым вагъ дэIэпыкъуу, Iэщщм щыхуекIуам дежи зэщIыгъуу лIэщIыгъуэкIэрэ къокIуэкI. Акъыл хэлъу уеплъмэ, адыгэ лъэпкъым и кьекIуэкIыкIэм кьегъэльагъуэ ильэс щитхум нэблагъэ япэкIэ ди адэжьхэм кьыхахауэ щыта гъэугур - Урысейм щыгъуу лэжьэныр икIи зыужьныр - захуагъэ зыхэлъ гъэуэгу тэмэму зэрыщытыр.

Етхуанэр - адыгэ Iуэхум теухуа зэпсэльныгъэхэр политикэ лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, ар зэман кIэщIым пхудэгъэкIыну кьыщцIэкIынкъым. Ауэ мыбдеж щIэнхъыщхьэр властым и федеральнэ органхэм дэри зэпсэльныгъэхэр ди щэнхабзэм я лъабжьэу зэрыщыхъуар. Абы щыхьэт техъуэ щапIхъэхэр щыIэщ.

Псалъэм папщIэ, абыхэм ящыщщ Урысейм и Парламентым и депутат гуп Тыркум, Сириеи, Иорданием, Германием, США-м, Урысейм щыIэ адыгэ диаспорэхэм я зэгухьэныгъэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэм я лIыкIуэхэм УФ-м и Къэралыр Думэм Нэгъуэщl къэралыуэхэмкIэ и комитетым 2011 гъэм и накъыгъэ маазэм зэращцыхуэзар. Апхуэдэу, нэхъ апэкIэ зэрыжьыслащи, адыгэ диаспорэм и лIыкIуэхэр Козак Дмитрий, Ткачёв Александр, Чернышенко Дмитрий сымэ щахуэзам кьагъэльэгъуауэ щытащ Олимпиадэр адыгэхэм я адэжь щIыналъэм зэрыщыкIэкIыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университыр къэзыухахэмрэ я ныбжьэгъухэмрэ я Ассоциацэ кьызэрагъэпэщащ. НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я сабийхэр Урысейм и вузхэм щегъэджэныжкIэ дадолэныкъ. Апхуэдэу дэ зэпыщIагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм гъэ кьэс кьыдогъэблагъэ ди лъэныкъуэкIи я сабийхэр.

Зэпсэльэным, зэгурыIуэным, зым адрейм худичыныным псоми я сэбэп хэлъщ. Апхуэдэу щыщIиткIэ, зым жиIэр адрейм кьыгурыIуэн папщIэ нэхъ щIэх-щIэхъыпрэ зэхуэзэн, зэрыщцыхьэн хуейщ. А Iуэхур иокIуэкI или сэ быдэу сыщогурэ хэкIыпIэ тэмэмхэр тхуэубзыхуну.

Епсэлъар «Росбалт» хьыбарегъащIэ агентствэм и обозревательэ
ХРУЛЕВЭ Татьянэщ.

Псалъэм и кIэухыу. *Нэхъ япэкIэ хьыбар зэрыщыIащи, накъыгъэм и кум Налшык щекIуэкIащ «Iуащхьэмахуэ къыщцызэрагъэпэща псалъэмакъ-2014» къэрал зэхуаку жылагъуэ-щэнхабзэ зэхьыдэщхуэ. Ар абы зэригъэпэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм - пщIэрэ щхьэрэ зиIэ зэрыщъэныгъэм, лъэпкъым и щэнхабзэмрэ зэхэщIыкIымрэ зегъэужьынымкIэ зэфIэкI къэзыгъэльэгъуам.*

● УпщIэ - жэуап

Дызэчэнджэщын хуейщ

2015 гъэм къыщыщIэдзауэ мылькум техьэ налогыр къызэралытэнур абы и кадастр уасэм тещIыхьауэщ. Хьэрычэтыщ1эхэм ар къатехьэлъэнущ. Налогхэм хэхъуэхэм бизнесыр щахъумэн папщIэ республикэм зыгуэр щызэфIагъэкIрэ?

СЕРГИЕНКЭ Н.

Жэуап ирет Къэбэрдей-Балъкъэрым Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэ **Тау Пщыкъан**:

- 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдэкIа Федеральнэ закон №52-ФЗ-мкIэ Налог кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Абыхэм япкъ иткIэ, зэхьэзэгъэ лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэм я тещIыхьауэ, хэхъуэу яIэну зыщIыгугъуэм налогыр зэуIуу зэрыпралъхьэ Iэмалыр къэзыгъэсэбэп организацэхэм папщIэ 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ я мылькум и кадастр уасэр зыхуэдизым елъытауэ налогыр кьабж. Налогыр нэхъ къызэрыгуэкIыу щызэхуэгъакIуэ Iэнатlэхэр 2015 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ а щIыкIэм хуэдэуэнущ.

Зи гугъу тщIы мылькум хохьэ: административнэ IуэхуэкIэ щызэфIах щIыпIэхэр, тыкуэнхэр, офисхэм я хэщIапIэхэр, сатум пыща псэуалъэхэр, жылагъуэ щхапIэхэмрэ Iуэхутхъэбзэщ1апIэхэмрэ.

Мылькум техьэ налогыр къызэралытэ Iэмалыщ1эр хуэгъэзащ ар къызэрыгуэкIыу зэрыралъхьэ щIыкIэр къэзыгъэсэбэп компаниехэр хабзэм емыбжьыхуэныж, къапщтэмэ, налог ямытын щхьэкIэ, зи сату щIыпIэхэр предприятэу езыгъэтхъыну зи мурад щхьэхуещэхэм япэщIэтыным. Ауэ тэмэму лажьэ хьэрычэтыщ1э Iуэхущ1апIэхэри балэрыгъэ хъунукъым.

Зэрытщ1эщи, языныкъуэхэм деж кадастр уасэр рянокым щызекIуэм кьыкIэрыхуркъым, уеблэмэ зэрыхъун хуейм куэдкIэ щIегъу.

НалогымкIэ кодексым ипкъ иткIэ, ямыгъэIэпхъуэ мылькум и объектхэм я кадастр уасэм тещIыхьауэ налогым и Iэмалыр зэхъуэкIыныгъэхэр щыIэ щхьэхуэныгъэхэр зыгъэзэжыну. Абы папщIэ зыхуэфащэ пщалъэ правовой актхэр къагъэсэбэп.

Налогым щыщIыкIэ, Налог кодексым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм кьашэнкIэ хуэну зэIумыбзыныгъэхэр къэгъэIэмалыр къэзыгъэсэбэп organизацэхэр щIэбэным, налогхэм зэрыкъэзгъэтIысхьэ щIэнтIэ щIыкIэхэм я хьуну налогхэр кьаззэрытемыхьэлъэным тещIыхьауэ, налогыр зыхуэдэн хуейм теухуа IуэхутхъэкIэ игъэбелджылыну;

- НалогымкIэ кодексым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм социально-экономикэ щытыкIэр зэрыпэхъунур зэпалъытыну;

- хьэрычэтыщ1эхэм я зэгуэхьэныгъэр ящIыгуу лыготэхэр нэхъ езэгъэрабгъуу зэраубзыхуну щIыкIэр зэрыбелджылыну, къапщтэмэ, апхуэдэщ лыготэ папщIэу налог зытрамылъхьэну ямыгъэIэпхъуэ мылькум и объектхэм я инагъымрэ я кадастр уасэмрэ.

НалогымкIэ кодексым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм кьашэнкIэ хуэну гугъуехьэхэр зыгъэмэщIэну зэкIыпIэхэр кьэдгъэуэтын щхьэкIэ, а Iуэхум дытепсэльыхьыхьэн хуейщ.

Республикэм и хьэрычэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэ псори абы фыкъыхуэзощ. Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хьумэныкIэ уполномоченнэм деж 40-39-63 телефон хэхар щолажьэри, фи Iуэху еплъыкIэхэр кьыдэфхьэлIэ.

Зыгъэхьэзырар
БИЩIО Майещ.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

И пIалъэм яIэрохьэ

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мы гъэм бадзэуэгъуэм и пенсэхэмрэ пособиехэмрэ и чэзум къыщабжри, къанэ щымыIэу ятащ.

ПЕНСЭ фондым и хьэкIэ пенсэхэмрэ пособиехэмрэ республикэм и цIыху 203 269-м яIэрыхьащ. Псори зэхэту 2014 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм КъБР-м и Пенсэ фондым пенсионерхэмрэ льготэ зиIэхэмрэ сом мелардрэ мелуан 931-рэ мин 893-рэ 307,88-рэ яхуэхиащ.

Зыхуейр къыхех

Пенсэр и пIалъэм хуагъэувын щхьэкIэ, КъБР-м и Пенсэ фондым и къудамэхэр а ныбжьым нэсахэм жыджэру ядолажьэ. Iуэхур зытращIыхьыр махуипщIым кьриубыдэу пенсэр хуагъэувын папщIэ, абы пыщIа тхыльхэр и чэзум зэхуэхьэсынырщ.

СТРАХОВОЙ стажу илъэситху мынэхъ машIэ зиIэ цIыхухэм (цIыхубзхэр ильэс 55-рэ, цIыхухъухэр ильэс 60 иримыкIу щIыкIэ) зыхуей тхыльхэр яIыгъыу, Пенсэ фондым и щIыналъэ Iуэхущ1апIэм зыхуагъэзэн хуейщ. Апхуэдэщ зихэтым, и ныбжьым, щIыпсэу щIыпIэм, и гражданствэм (паспорт), зэрыдежьэм теухуа тхыльхэр. ЗрыдежьэмкIэ тхыльхэм зэрагъэзэхуэжа хэлъ хъунукъым, абы итхэр пасспортым техуэн, тегъэуа мыхъурхэр кьеджэгъуафIэу щытын хуейщ. Зыхуейхэм ящыщщ 2002 гъэм щIышылэм и 1-м и пэ кьихуэу сыт хуэдэ мазэ 60 зэкIэ-лъакIуэм и дэтхэнэ зыми хуэзэу ику иту кьиIэжьар зыхуэдизыр, дэзэм кьулыкъу зэрыщщIамкIэ военкоматым и тхылъыр, унагъуэ ихьэу и унэцIэр зэрихъуэжамкIэ нэчыхъ тхылъыр, сабий зэриплам и щыхьэт тхылъыр.

Пенсэм пыщIа тхылъхэр хьэзыр зэрыхъуу, ар хуагъэувыным папщIэ и ныбжьыр нэсыным зы мазэ иIэжу Пенсэ фондым зыхуагъэзэн хуейщ.

Законодательствэм ипкъ иткIэ, жыгъэкIэ лэжьыгъэ пенсэ ирагъэгъэувын щхьэкIэ зыщыхуагъэзэауэ кьалъытэнур Пенсэ фондым и ГъэщIагъэлIым тхылъ псори щыIиха махуэрщ. Аэр пощткIэ ирагъэхьэм, апхуэдэ пIалъэу кьыхахьынур пощт зэпыщIэныгъэхэм я федеральнэ Iуэхущ1апIэм мыхъурыр щытрагъэуа махуэрщ.

Пенсэ зэрагъэувэ тхылъхэм ящыщ гуэр кьэтмэ, Пенсэ фондым и ГъэщIагъэлIхэр я дэIэпыкъуэгъуэу, ахэр зэрагъэпэщщ. Апхуэдэ тхылъхэр зэхуахьэсыжу мазищ пIалъэм кьриубыдэу Пенсэ фондым Iэрагъэхьэжмэ, ляжьыгъэ пенсэ ирагъэгъэувын щхьэкIэ зыщыхуагъэзауэ кьалъытэнур абыкIэ тхылъыр щыIаха махуэрщ е пощткIэ щаутIыпща зэманырщ.

Зыхуей тхылъхэр щыIахэм я щыщщIэдзауэ кьыкIэлъыкIуэ махуипщIым кьриубыдэу хуэфащэ пенсэр щIыхум хуагъэув. Iуэхум зэIумыбз гуэрхэр кьыхэкIмэ, мазищитху пIалъэм кьитIасэу, лъэIу тхылъыр зейм хьыбар ирагъэщIэн хуейщ.

Пенсэр пощт Iуэхущ1апIэхэм щрат е банкым кьыщызэIуах счетхэм хухалъхэ. Щыпсэу щIыпIэм щыIэ Пенсэ фондым и щIыналъэ щыщ1эм тхылъкIэ зыхуегъэзэн, пенсионерым зыхуей Iэмалыр кьыхех.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

1914 - 2014

Кьыщокъуэ Алимрэ абы и шыпхъуэху Хьэмсинэрэ Хьэмсадрэ. *1982 гъэ*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● УФ-м и Правительствэм

Къырымыр нэхъ гъунэгъу мэхъу

Керчь деж иІэ псыдэжьпІэм щхьэпрыкІыу Къырымым гъунэгъу ухуэзыщІ лъэмыжыр дызэрыт илъэсым ухуэн щІадзэну я мурадщ. А Іуэхум иджыблагъэ щыхэплъащ Правительствэм щекІуэкІа зэІущІэм, проектым хухахар сом мелард 247-рэ мэхъу. Лъэжьигъэм и нэхъыбэр ирагъэкІуэкІыну щытрахухэр 2015 гъэрщ. «Илъесым и кІэ хъуху Кърым федеральнэ округым зэрызиужьынум хуэгъэпса планыр къытІэрыхьэн хуейщ», - жеІэ вице-премьер, щІыналъэм и зыужьыкІэр зи нэІэ щІэт **Козак Дмитрий**. Программэр къызэдащтэмэ, абы и дэтхэнэ Іыхьэри зэрагъэзэщІэнымрэ щагъэззащІэну пІалъэмрэ зэхэхауэ зэубзыхунущ.

«Языныкъуэ Іуэхухэм, псалъэм папщІэ, Керчь псыдэжьпІэм транспорткІэ уэзэрпкІыу щІыным, технологие лъагэхэр и лъабжьэу технопарк къызэгъэпэщыным мы гъэм яужь ихьэну дызэгурыІуащ, - жеІэ Козак. - Зыуэ щыт федеральнэ программэм ипкъ иткІэ, транспорт инфраструктурэм лъэмыжэ зэпрыкІпІэр хэту, сом мелард 416,5-рэ трагъэкІуэдэну хуагъэфащэ. Лъэмыжыр ящуэзэнущ федеральнэ правительствэм, транспортымкІэ министерствэм, Росавтодор ІуэхущІапІэм».

УхуакІуэхэм ехьэлІауэ упсалъэмэ, ар ди къэрал, хамэ къэрал къикІауи щытынкІэ хъунущ, мы зэманым абыхэм йопсалъэ. Ауэ щыхъукІи, иужьрей зэманым языныкъуэ урысей ухуакІуэхэр итальян, китай ухуакІуэ Іуэхущ Іапі эхэм егъэбыдыІауэ зэдолажьэ. Къэпсалъэм гурыІуэгъуэ ищІыфакъым а итальян дыдэхэм я мурадхэм Урысейм хуэгъэза санкцэхэр зэран зэрахуэхъунур.

«Санкцэхэр иджыри и кІэм нэсу ягбзыхууэ щыткъыми, къащтэну унафэри, европей компаниехэм зэрязащІынкІэ хъунури хуэбгъэфэщэну гугъущ», - жеІэ Козак Дмитрий.

Къырымым дыпызыщІэ лъэмыжым и закъэхъэкым къэблагъэ зэманым зэфІэхыпхъэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Къырымым и электрокъарур Урысейм и къудамэм къыпищІэнкІэ, абы сом мелард 49-рэ хухахащ. Абы къищынэмыщІауэ псы ешэлІэным, аэр къызэрыкІуэну бжьамийхэр щІэлъхьэным, кІэрыхубжьэрыхуэр щагъэсыжыну щыпІэхэр къызэгъэпэщыным сом мелард 65-рэ текІуэдэну къабжащ. Узынщагъэр щахъумэ ІуэхущІапІэу 5 ухуэным, дэІэпыкъуэгъу псынщІэхэр лажьэу егъэжьэным сом мелард 66,7-рэ хуеинущ. Апхуэдэуи, сом мелард 14,3-рэ сабий гъэсапІэхэр яухуэным, сом мелард 12 школхэр зэІуэзэпэщ ящІыным хухахащ.

КУЗЬМИН Владимир.
«Российская газета»

● Егъэджэныгъэ

Урысыбзэ къабзэ зэхэтхыжыркъым

Урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ зы учебниккІэ школу хъуам щрагъэджыным хуэкІуэнкІэ хъунущ ди къэралыр. Мы гъэм школакІуэхэр ерагъкІэ пхыкІыфа къудейщ зыуэщыт къэрал экзаменхэм. АбыкІэ ныбжьыщІэхэм ягъэкъуанщэтхылъ «мыхьэнэнщэхэмрэ» егъэджакІуэ «мыхъумыщІэхэмрэ». Ауэ, егъэджакІуэхэрауэ пІэрэ зи лэжьыгъэр нэсу зыхуэмыгъэзащІэр? Хьэмэрэ урысыбзэ къабзэкІэ псалъэхэр мащІэ зэрыхуэам къимышауэ пІэрэ ар?

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къикІуэхэмкІэ ныбжьыщІэхэм ирагъэгъэунэхуэщ тратхыкІыну Іэмал щрамытым деж я щІэныгъэр зэрыпІэхъэшэр. Ауэ щыхъукІи, бгъэкъуанщэ хъуну пІэрэ сабийхэм я закъуэ? Мы илъэсхэм школыр къэзыуххэр 90 гъэхэм къалъхуахэрщ. Абыхэм яхэтщ мыузынышэхэри, зи психикэм сэкъат иІэхэри. Языныкъуэхэр компьютерым зыІэпишэщащи, тхылъ еджэжьхэрхьым. А зэманхэм упсэун папщІэ гугъуехь куэд къыхэзгнэкІын хуейти, адэ-анэхэр бын гъэсэным тІэкІу тещхьэрыкІауэ къыщІэкІынущ. Къэрал зэхъуэкІыныгъэхэм я зэманым балигъхэм яхэтащ еджэнри Іэмалынншэу къэзымылъытхэри. А гупсысэм къытенащ иджырей щІалэгъуалэм ящыщ куэди.

Ауэ, бзэр псэлъэкІэ къудей мыхъуу, ар икІи цІыхур хэкупсэу зыгъасэ Іэмалщ. Абы и хабзэгъыр пхъумэну ухуущІэкъунри Хэку лъагъуныгъэм хеубыдэ. Ауэ апхуэдэ лъагъуныгъэм нобэ елІалІэр мащІэ дыдэщ. Радиом щызэхэпхыр диджейхэм я сленгщ, телевиденэмкІэ екІуэкІ ток-шоухэм екІу-емыкІу ямыІэу я жьэм къэкІуэр щыжаІэ, сериалхэм хэтхэр зэрызэпсалъэр нэхъыкІэжщ (сценарийр зытхэхэм я щІэныгъэнщагъэми, актёрхэм «гъащІэм и щытыкІэ дыдэр» къагъэлъэгъуэну хуейуэ арами гурыІуэгъуэкъым). Эфир занщІэм кихьэ политикхэмрэ экспертхэмрэ я псэлъэкІэр-щэ?! Дэнэ атІэ щІалэгъуалэм урысыбзэ къабзэр щызэхэхэнури къыщащтэнури?!

Дэ дызэщхькъым, ауэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэмкІэ къахьыфынум дызэригъэгъазэм къинэмыщІа, анэдэлъхьбзэм худиІэ лъагъуныгъэми дызэпищІэу, ар щІэблэм егъэщІа зэрыхъунум дигъэплейтейуэ щытыпхэщ.

ТИХОНОВЭ Ириня,
егъэджакІуэ. «АиФ»

● Фэ фщІэрэ?

Ставрополь къалэ зэІузэпэщщ

Урысейм щынэхъыфІ, щынэхъ дахэ къалэр къыхахын папщІэ екІуэкІа зэхъэзэхуэм къали 176-рэ хэтащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм ЩІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и министерствэм «Зыхуей нэхъ хуэгъэза къалэ, къуажэ» урысейпсо зэпеуэм кърикІуахэр къипщытэжащ. Иджы ещанэу къызэрагъэпэща зэпеуэм унэтІыныгъихым ятещІыхьауэ къыщапщытащ жьлэхэм я псэуКІэр. Нэхъыбэу гулъытэ зыхуащІар псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэр зэрылажьэрэ къалэдэсхэм я псэуКІэр зыхуэдэмрэщ.

Зэпеуэм щытекІуэхэм хуащІыну саугъэтым папщІэ фондым хэлът сом мелуан 95-рэ. Ставрополь Урысейм и хэгъэгухэм я центр нэхъыфІу къалъытащ. А унэтІынытэ дыдэм етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр къыщызыхьар Ульяновскрэ Белгородрэщ. ТекІуа сомым щІыхь тхыльхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратынущ.

ТЮРИКОВЭ Еленэ.
«КП»

ДЮМА Ролан:

Москва ткІийуэ щытын хуейщ

● Іуэху епІтыкІэ

США-мрэ Евросоюзымрэ ерыщу иужь итщ Урысейм хъыщыІеину. Иджыблагъэ аргуэру къащта санкцэхэр, экономикэ Іуэхум епхахэр, абы и щыхьэт наІуэщ. Мы Іуэхум зэрепльыр къытхуеІуатэ франджы МИД-м и Іэтащхьэу лэжьа Дюма Ролан.

- ОБАМЭ Барак иджыблагъэ жиІащ украин Іуэхур тэмэму зэфІэха хъунымкІэ Москва «дипломат хэкІыпІэхэр къызэримыгъэсэбэпар». Уэ дауэ къыпщыхъурэ апхуэдэ жьІэкІэр?

- США-м и президентыр зэрыщытауэ къэнэжащ: езым ищІэхэр пэжу къыщІригъэдзын мурадкІэ, къуаншагъэр нэгъуэщІым трелъхэ. КъухьэпІэмрэ Урысеймрэ я зэхущытыкІэр кІуэ пэтми нэхъ гугъу зэрыхъум гу лъыдотэ. Украинэм щекІуэкІыр къызэрыкуу мэхъу, малайзие кхъухьлъатэм иращІам нэхъ гугъуж ищІащ щытыкІэр. СыэзеплъымкІэ, США-мрэ ЕС-мрэ, «зауэ щЫІэм» и ужь льандэрэ къэмыхъуауэ ,Урысейм къызэрыпэщІэува санкцэхэм аргуэру Іуэхур зэІагъэхъэ. Апхуэдэ зэхущытыкІэм дунейпсо зэпыщІэныгъэр жыжьэ нигъэсынукъым. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэ куэд тхыдэм къыхэпхыфынущ. Апхуэдиз санкцэми зыпэмыплъа гугъуехь куэд кърикІуэнущ. Урысейм и закъуэкъым, атІэ ар къыхэзыльхьэ лъэныкъуэри тыншынукъым. Шэч къытумыхьэу жыпІэ хъунущ: Москва абыхэм яхуэфащэ жэуап яритыжыфынущ. Ар захуагъэу къызолъытэ: уи щхьэм зыри къыфІэбгъэтІысхьэ хъунукъым.

- Дауэ мыхъуми, Евросоюзым и унафэ ищІыжыфу фа тетхъым, Вашингтон емыдэІуапэми, жиІэ гуэрхэр имыгъэзащІэу хъуркъым.

- Апхуэдэу щытащ ар нэхъапэми, ауэ иджыпсту нэхъ нэрылъагъу хъуауэ аращ. Къапщтэмэ, Европэм зыми емыпха, езым пхигъэкІ дунейпсо политикэ иІэкъым. Генерал Шарль де Голль, иужькІэ Миттеран Франсуа сымэ я тетыгъуэм Париж и щхьэ и унафэ ищІыжу, франджыхэм я фейдэ зыхэлъым псори тращІыхьу щытащ. ИужькІэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, щытыкІэм зихъуэжащ. Къэбгъэльагъуэмэ, Франджыр НАТО-м зэрыхьыхьэжар щыуагъэшхуэу къыщІэкІащ, къэралыр Вашингтон и жьауэм щІэуващ.

- ЕС-м хьыхьэ къэралхэмрэ США-мрэ Украинэм граждан зауэ щезыгъэкІуэкІ властым зэрыкъуэувар бгъэщІагъуэркъэ?

- Иджыри зэ къытызогъэзэжри: ЕС-м хьыхьэ къэралхэм ящІэнумкІэ езыхэм унафэ къащтэфыркъым. Аэр къыздикІыр тенджызым и адрыщІ лъэныкъуэмкІэщ. Предыдущ ЕС-м къыщепщэ жьыр къыщІихуащ.

- КъухьэпІэм щыпсэуэхэр хъыбарыншэу къанэ си гугъащ: Донбасс щекІуэкІ зауэм сабийхэр, бзылъхугъэхэр, ныбжь зиІэхэр зэрыхэкІуадэр зыщІэр мащІэщ.

- Печатыр хуиту жаІэми, ди дежь хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм хуабжьу щыкІэлъэпльэ. Пэжыр зи лъабжьэ тхыгъэхэр мащІэщ. Си жагъуэ мэхъу ар, ауэ аращ зэрыщытыр.

- Украинэм и Іуэхур дауэ гъэзэкІуэжа хъуну къэплъытэрэ?

- Гъэзгум я нэхъ захуэр - Украинэм и ипщ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэм урысыбзэкІэ псалъэу щыпсэуэхэм я хуитыныгъэр къагъэсэбэпыну Іэмал етыныщт. Абы папщІэ, а районхэм автономие яІэн хуейщ.

- ЕкІуэкІ Іуэхуэр зи нэгу щІэкІ урысейхэр иужьрей илъэсипщІ-хэм ди лэжьыгъуу, акъылэгъуу къалъытэу щыта КъухьэпІэм и политикхэм нэгъуэщІынэкІэ еплъ хъуащ. Апхуэдэ ныбжьэгъу егъу дыхуейуэ пІэрэ, жаІэ.

- Урысейм дунейм ныбжьэгъу куэд щиІэщ. Къащтэмэ, Китай, Индие, БРИКС-м хьыхьэ адрей къэралхэр. Абыхэм хуаІэ зэдэзэжьынымрэ зрагъэужьын хуейуэ аращ. Иужьрей илъэс зыбжанэм дунейм хуабжьу зихъэжащ. Утыкум щыпащэхэм захъуэж, зэхъуэкІыныгъэхэм дыхуокІуэ. Зэманым дэбэкъуэфращ бжьыпэр зыІыпынур.

ПРОКОФЬЕВ Вячеслав.
«Российская газета»
Париж

● КІэщІу

Сноуден ди деж къонэ

Америкэ спецслужбэхэм я лэжьакІуэу щыта Сноуден Эдвард Урысей Федерацэм зэрыщыІэну пІалъэм кхъухьщІагъуну лъэІу тхьилъ итхащ. Абы теухуа хъыбарыр журналистхэм къажриІащ Сноуден и адвокат Кучеренэ Анатолий.

ФИГУ къздгъэкІыжынщи, илъэс и пкІэ США-м и ЦРУ-м и лэжьакІуэм Washington Post, Guardian газетхэм яритащ спецслужбэхэр Интернетыр къэзыгъэсэбэпхэм зэракІэлъыпльым теухуа дэфтэр щэхухэр.

Абы и ужькІэ Сноуден къэралым къикІын хуей хъури, Гонконг кІуащ, 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м Москва къэлъэтащ.

Кучеренэ зэрыжиІамкІэ, 2013 гъэм и бжьыхьэм Сноуден урысей Іуэхущ Іапі эгъэрым ІэнатІэ уваща, я интернет-сайтыр игъэлажьэу. СМИ-м ятххэм къызэрызэщымкІэ, Эдвард Глазго университетым и ректору яГъуэващ, икІи Урысейм щыпсэууэ и къуликъым пэрытщ.

БУГАЙСКАЯ Еленэ.
«РГ»

● Къулыкъущ Іэхэр

Финнхэм я пашэ

2015 гъэм екІуэкІыну парламент хахыныгъэхэр къасхуху Финляндием и Іэтащхьэу щытынур премьер-министру увагъащІэ Стубб Александерщ. Журналистхэм зэрыжаІэмкІэ, финнхэм фІыуэ яльагъуркъым Стубб хуэдэхэр: ар зи Іуэхуэхэр сыт щыгъуи дакІ щІалэщ икІи егъэлеяуэ зэрыжыджэрым щхьэкІэ псори йофыгъуэ.

ЕВРОПАРЛАМЕНЫМ щекІуэкІа хэхыныгъэхэм ильэс 46-рэ зи ныбжь Стубб Александер и хэкуэгъуэхэм нэхърэ нэхъыбэ Іэ щыхуаІэтащ, абы ипкъ иткІэ, иджыпсту финн политик нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм хабжэ. Брюссель депутат шэнтыр къыщылъыса нэужь, абы жиІащ Лъэпкъ коалицэ партым и пашэу, и къэралым и правительствэм и унафэщІу лэжьэн папщІэ, Евросоюзым щиІэ екъулІэныгъэхэр «зыщигъэгъупщэну» зэрыхьэзырыр.

БУРМИСТРОВЭ Нинэ.
«Эхо планеты»

● ЩІэ

Улахуитl къэзыхьынухэр

Къулыкъущ Іэхэм я улахуэхэм хуабжьу хэхъуэну къыщІэкІынущ. Бюджет политикэм и унэтІынытгъэ хэхахэм якъ иткІэ, «улахуэ зэрат щЫкІэр ирагъэфІэкІуэн» мурадкІэ, 2015 - 2017 гъэхэм федеральнэ къулыкъущІэхэм папщІэ сом триллион ныкъуэ хухахыну загъэхьэзыр.

АУЭ щыхъукІи, Минфиным къызэрыщыджаІамкІэ, улахуэм хагъэхъуэну аракъым. АтІэ, фІыуэ лажьэ къулыкъущІэхэм я улахуэм дыщІагъуну я мураду аращ. Іуэхур хэтщ президентым и накъыгъэ унафэхэм ящыщ зым.

НэгъуэщІу жыпІэмэ, къулыкъущІэхэм я лэжьыгъэр къызэрапщытэ мардэ гуэр къыхалъхьэнущ. Абы ипкъ иткІэ, къэралым дежкІэ сэбэпынагъ нэхъыбэ къэзыхь цІыхурщ зи ахъшэр нэхъыбэ хъунур. 2017 гъэм ирихьэлІэу апхуэдэ саугъэту къулыкъущІэхэм иратынущ я улахуэ фондым и процент 40. Аращи, улахуэр тІукІэ нэхъыбэ хъунущ.

Къулыкъущ Іэхэм я лэжьакІэр къызэрапщытэну щІыкІэр иджыри гурыІуэгъуэкъым. Бжьыхьэм парламентархэр бюджетым щыхэпльхьэ абыи унафэ тращІыхьынущ.

ОДИНЦОВЭ Еленэ.
«Комсомольская правда»

● Псалъэмакъ

Нэмыцэхэр нэгъуэщІ щІыпІэ щыхэкІуэдэным хуэхьэзыркъым

Германием аргуэру псалъэмакъ къыщыхъеящ, я тхыдэм къыщыжьэ напэкІуэцІ гущІыхьэхэр ягу къэкІыжри. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар президент Гаук Иоахим ФРГ-р нэхъ жыджэру дунейпсо Іуэхум, апхуэдэуи хамэ къэралхэм щекІуэкІ зауэхэм хэтыну зэрыфІэигъэр иджыблагъэ зэрыжиІарщ.

«ЦІыХУМ и хуитыныгъэр пхъумэн е зыкІи мыкъуаншэхэр къебгъэлын папщІэ Іэщ къэпщтэн хуей щыхъуи щыІэщ», - жиІащ Гаук.

Мис а псалъэхэращ щыналъэ газетхэм къытрадза тхыгъэхэм псалъащхьэ хуащІар, абы ипкъ иткІи, президентым жиІам зэрыгъэщІ куэд кърахащ. Къэралым и Іэтащхьэм «Дойчландфунк» радиостанцыим щыжиІар мыращ: «ЕтІуанэ дунейпсо зауэм къыщыхагъэщІа нэужь, Германиер зэрыува щыгъыкІэ зэпІэзэрытым къикІыну и чэзу хуэщІ; иджыпсту ФРГ-р демократием зыщиужь, хабзэм тет къэралщ, «лей къызытехьэхэм я лъэныкъэущ», абы ипкъ иткІэ, Берлин хуитщ а демократием и ІуэхущІафэхэр игъэкІуэтэну, ихьумэну».

Гаук зэрыжиІамкІэ, иджырей къэралыгъуэм щиІэ «хеящІэхэмрэ хэнджэщагъэгъуэмрэ я закъуэкъым, атІэ полицэри щыІэщ» хуей хъумэ, хабзэр ихьумэн папщІэ Іэщ къищтэ хъуну.

«Сэ жысІэрэкъым блэкІа лІэщІыгъуэм хуэдэу Германием зищІын хуейуэ: Германиер псоми я нэхъыфІу къэлъытэнрэкъым зытещІыхьар, атІэ Евросоюзымрэ НАТО-мкІэ дызыпыщІа ди лэжьэгъуэхэм, акъылэгъуэхэм я Іуэхур ядэІыгъын хуейщ. Украинэм и Іуэхур зэпІэзэрыт щІыкъым федеральнэ правительствэми и къару ирихьэлІапхъэщ».

Президентым жиІащ: «ЩІыпІэ политикхэм занщІэу зыпыІуадэ хъунукъым Іэщ къэщтэным, ауэ абы ущыхэкІуэн хуейр иужь дыдэущ».

Гаук жиІар зэхамыхьу къэнакъым, абы политикэ утыкум псалъэмакъ куэд къыщрикІуащ. Уеблэмэ президентым и Іуэху еплъыкІэмкІэ мыарэзыхэр куэдкІэ нэхъыбэщ абы и телъхьэхэм нэхъра.

Псалъэм папщІэ, ФРГ-р зауэ Іуэхум хыхьэн хуэмейуэ къэзыпльытэхэр занщІэу пэджэжащ президентым. «ЦІыхум и хуитыныгъэр хъумэныр лагъым къэбгъауэкІэрэ пхуэзэтеублэнукъым, ар фЫы дыдэу къыгуроІуэ президентым», - жиІащ къэрал унафэщІхэм ягъэщІт Сэмэгу партым и лЫкІуэ Ян Ванн Акен. Абы къыхигъэщащ дуней псом хабзэхэр щыгъэзэщІэныкІэ къэльытІныну Германием и пщэ дилъхьэжьныкІэ нэмыцэхэм я нэхъыбэр арэзы зэрымыхъунур. «Бундесверыр зауэм Іузыгъэхьэну уэрей президентыр ар зи пашэ лъэпкъым зэрыпэщІэувэжыр гурыІуэгъуэщ», - жеІэ политикым. Абы къызэрыкъэщамкІэ, апхуэдэ Іуэхухэм, зауэм екъэлІахэм, зы щхьэ закъуэкІэ унафэ ятепщІыхь хъунукъым.

«Германием дунейм щихъумэн хуейщ мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ, ауэ зауэ Іуэху къигъэхьэй хъунукъым», - къелъытэ Акен.

Парт зэмылІэужьыгъуэхэм я пашэхэми къыхагъэщащ политикэ Іуэхур иризэфІагъэкІыну зауэ Іэмалыр къагъэсэбэн зэрымыхьунур, Германиер зэпІэзэрыту щытын щІыхуейм щхьэусыгъуэ зыбжанэ зэриІэр, нэгъуэщІхэри.

НэгъуэщІ еплъыкІэ иІэщ «удзыфэхэм» я фракцэм и пашэхэм ящыщ Хофрайтер Антон. «Германиер псоми апэрэщІэ ныІыгукъым. Иджырей къэралщІыб политикэм и щытыкІэм тепщІыхьмэ, дэри нэхъ жыджэру дыщытыпхъэщ, - къыхигъэщащ абы, президентым зэрителъхьэр къигъэлъагъуэу. - Ауэ щыхъукІи зэфІэзэрыхьар зэфІэтхын папщІэ дипломатие Іэмалхэрщ къэдгъэсэбэпыпхъэр».

Бундестагым къэралщІыб политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Рёттген Норберти диІыгъащ президентым и псалъэхэр. «Апхуэдэ Іуэху гугъуэмэ Гаук и еплъыкІэр къызэрыщигъэлъэгъуэфыр хъарзынэщ», - жиІащ политикым.

Бундесверым и инспектор нэхъыщхьэу, НАТО-м и комитетым и Іэтащхьэу щыта Куят Харальд къельытэ президентым и псалъэхэм нэгъуэщІ зыгуэрхэр кърахыныр зэрымызахуагъэм и мызакъуэу, политикэм я пщІэр игъэлъахъшэу.

«Сэ сызэрелъпльмкІэ, дэ дегупсысын хуейщ щынагъуэнщагъэр хъумэныр куэдкІэ нэхъ гугъу зэрыхъуам. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, «зауэ щЫІэм» и лъэхъэнэм щытыкІэр зэпІэзэрыту екІуэкІырт. Иджыпсту псори нэхъ жьы щІэту йокІуэкІ. Нэхъ шынагъуэр - къыптэплъэр зэрыдмыщІэрщ. Илъэс зыбжанэ и пкІэ хэт и гугъэнт Украинэр нобэ зэрыт щытыкІэм къихутэну? Хэт и гугъэнт дэ аргуэру зауэ Іуэхум дыхьыхьэм дытепсэльыхьыну?» - жеІэ Куят.

КІэщІу жыпІэмэ, президентым хуэмыарэзы щыІэми, щІыхуэбэр зэрыщыту пэщІэуважъым. Гаук и псалъэхэм къызэрыримыкІуэнуІар гурыІуэгъуэщ.

ДОЛГУНОВ Антон.
«Эхо планеты»

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Китай

Иужьрей илъэсхэм Китайм и зы къали Шанхай хуэдэу псынщІэу зиужьыркъым.

«Шанхай дяпэкІэ Москва быдэу дэлажьэнущ», - жиІащ а къалэм и унафэщІ Сюн Ян.

Іэтащхьэм жиІар урысей щыхьэрым и дежкІи щхьэпэщ, сыту жыпІэмэ, щыІу мелуан 24-рэ зыдэс Шанхай къалэр дунейпсо финанс центр ищІыну и мурадщ Китайм.

ЛЕРМОНТОВ Михаил

Къазбич

«Ди зэманым и лIыхъужь» романым щыщ пычыгъуэ

ТЭРЧ адрыщкIэ быдапIэм сыдэст абы щыгъуэ - ильэситхум нэсащ ар къызэрыхъурэ. Зэгуэрым, бжьыхьэ хъуауэ, гъуэмылэ къытхуашащ. Гъуэмылашэм зы офицер щIалэ ящIыгъут, ильэс т1ощIрэ тхуэр и ныбжьыныкъэ жыпIэу. Зэрыхабзэти, къакIуэри щIалэм къызжиIащ си деж, быдапIэм, къулыкъу щиIэн хуейуэ и пщэ къызэрыдальхьар. ЩIалэ псыгъуэт, фагъуэт, и фащэри щIэрыпсти, гу лъыстащ Кавказым къызэрихьэрэ куэд зэрымыщIам. «Уэ, дауи, жысIащ, - Урысейм укъызэрикIрэ куэд щIакъым». «Пэжщ, зиусхьэн штабс-капитан», - жэуап къызитыжащ абы. И Iэр субыдри жесIащ: «Си гуапэщ, си гуапэ дыдэщ. ТIэкIу ущеезэшынущ мыбы... дауи щрети, ныбжьыгъу дызэхуэхъунщ. Максим МаксимычкIэ укъызэджэмэ, зэфIэкIащ. Си деж укъыщыщIыхьэкIэ фащэ пщымыгъми, ягъэ кIынкъым». Зы пэш щIэдгъэтIысхьащ.

- Сытыт и цIэр? - сеупщIащ Максим Максимыч.

- Григорий Александровичи Печорин. Уи фIэщ зэрыпщIын, щIалэ хъарзынэтэмэ; ауэ и хьэлым укъыщигъэIэбжьи кхъхъурт. Псальэм щхьэкIэ жысIэнщи, уэшхыр къожьх, щIыIэщ, итIани езыр махуэ псом мэщакIуэ; псори ешаелIащ, ущхъуэнтIащ - мобы зыуи къыщыхъурхъым. Дунейм къыщытемыхьэхи къэхъурт: бжэ-щхьэгъубжэр кхъригъэбыдэжIынти, махуэр зи кIыхьыагъым и зыпсалъэкIуэнтэкъым; къызэрыкIакъэ - и жьафэ къехьиртэкъым, ныбафэуз дызэтрищIэрт... Хьэл гъэщIагъэн хэлъащ, кхъулей гуэруи къыщIэкIынт: хьэпшып лъапIэ Iэджэ къыздрихьэкIырт.

- Куэдрэ щыIа уи деж? - сыщIэупщIащ аргуэру.

- Зы илъэс хуэдэкIэ. Сигу кIинащ а илъэсыр, игъащIэкIэ сщыгъупщжьынукъым, си нэгу щIимыгъэкIар укIуэдыж. Я нэгу хьэлэмэт гуэр щIэкIын хуейуэ зи натIэ кхритэ щIыху щиIэкъэ?

- Хьэлэмэти? - гъэщIэгъуэн къысщыхъуауэ фэ зытезгъэуащ сэ, шей хуизгъахъуэурэ.

- Зы хъыбар уезгъэдэIуэнщ. БыдапIэм верстих хуэдэкIэ нэхъ пэмыжыжьэу, ди хэгъэрейуэ зынщ щыпсэурт. Абы и кIуэр - илъэс щыкIутху хуэдизи и ныбжьынт - кIыдэуэсауэ быдапIэм къэкIуэрейт, махуэ къэс щхьэусыгъуэ кIыпгъэутурэ. ЖыпIэнуракъэ, Григорий Александрович сэрэ щыдгъэжIащ щIалэ цIыкIур. Дырипсырий гуэрт, зримыкуи щыIэтэкъым: здэжэм епхъхьыурэ пыIэр кIыпхъуатэрт, нэщанэ еуэрт. Зыт дэбгъуэнур: ахъшэ щхьэкIэ имыщIэн щыIэтэкъым. Зэгуэрым Григорий Александровичи, гушыIэм кIыхьихри, щIалэ цIыкIум жриIащ и адэм и мэл хъушэм хэт ажэр кIыхьуихьмэ, дыщэ ахъшэ иритыну. ИщIэм епIэ: жэщым ажэр бжьакъуэкIэ кIыпльафащ. Зэгуэдгъэпын мурад тщIырэ дыщIэнакIэмэ, и нэм лъы кIытхьадэрти, щIалэр щIыкIур къэмэм епхъуэрт. «Ей, Азэмэт, уи хьэлым утекIуэдэжынущ, - жесIэрт сэ абы, - уи щхьэр хэплъхьэнущ!»

Пщыр зэгуэрым къакIуэри, дригъэблагъащ: ипхъу нэхъыжьыр иригъашэрти, я хьэгъуэлIыгъуэт. Пщыр ди хэгъэрейти, дыщригъэблэгъакIэ дымыкIуэу хьунутэкъым. ДыкIуащ. Хьэхэр банэу къыдэжащ къуажэм. Дыкъыщалъагъум, цIыхубхэм лъэныкъуэ зрагъэзыжащ; дызыIуплъа закъуэтIакъуэм тхьэлъхуакIэ уеджантэкъым. «ШIэрджэс пщащхэр нэхъ дахэ си гугъащ», - жиIащ Григорий Александрович. «УмыпIащIэт!» - жысIащ сэ, си пащIэкIэ сыщIэгуфIыкIри.

Пщым и пщIантIэм цIыхур дэст; абыхэм хьэгъуэлIыгъуэ яIэмэ, блэкIри кхьблэкIыжри кърагъэблагъэ. ХьащIэщымкIэ драгъэблэгъащ, хабзэ псори кхьиткIэлъыхэрахьэурэ. Дишхэм зэгъаниэ хуащIари зэзгъэльэгъуащ, гу зылъэзмыгъатэуэрэ: кхъэхунур хэт ищIэнт?

Бэлэ. «Ди зэманым и лIыхъужь» фильмым щыщ теплъэгъуэ

- Я хьэгъуэлIыгъуэр дауэ зэрекIуэкIыр? - сеупщIащ сэ штабс-капитаным.

- Молэр КъурIэным щыщ къоджэ апэщIыкIэ, итIанэ нысашэ кхъкIуахэм тыгъэ хуащI; йофэ-йошхэ; шухэр къызэдожэ; ажэгъафэр утыкум итщи, псори егъэдылъхьэшх; пшапэр зэхэуэмэ, хьэщIэщым щызэхотIысхьэри, я IутIыжщ. ШыкIэпшынэ си гугъэжщ зэреджэр - зы лIыжь абы йопщэ, пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ зэпоуври, Iэгу йоуэ, уэрэд жаIэ. Зы щIалэрэ зы хьыджэбзэр утыкум йохьэри, уэрэд зэпадзыжурэ, зэпоуэ, адрейхэр щыдожьу. Печориным зыкъыIэтри, пщащэм зыхуигъэщхьащ, и натIэмрэ и бгъэгумрэ теIэбэри, и жэуапыр тэрмэш хуэсщIыну къызэлъэIуащ; я бзэр фIыуэ сощIэ сэ - тэрмэш хуэсщIащ и жэуапыр.

Пщащэр дбгъэджэкIыжа нэужь, Григорий Александрович сеупщIащ: «НтIэ, дауэ къыщыхъуа?» - «ДахэкъеIейц! - жиIащ абы. - Сыт и цIэр?» - «Бэлэ», - жэуап естащ.

ДАХЭКIЕЙР пэжт: щхьэпэльагэт, ишат, нэфIыщIэт, мыщIэ ис хуэдэ, уи гущIэлъапсэм нэпльыс къыпфIэщIырт. Печориным, щым хъуауэ, пщащэр нэкIэ игъэхъурт, езыри щIэх-щIэхыуэр кхыхуеплъэкIырт. Печориным и закъуэтэкъым ар нэкIэ зыгъэхъур: пIланэрэм дэтт абы зи нитIыр къытезыубыда нэгъуэщI гуэрри; мафIэ дэпым хуэдэу къыздыкIырт абы и нитIыр. СыщафIупльэм, къэсщIыхужащ куэд щIауэ си нэIуасэ Къазбич. Ар дауэ зэрыбжесIэнур, дифIуи ди мыфIуи щыттэкъым. КуэдкIэ шэч хуащIырт, бзджагъэ гуэр дамылъэгъуэIами. БыдапIэм мэл къихуурэ пуду къыдищэ и хабзэт, къэзэртэкъым: жиIам теKIынутэкъым, букIам. Псыжь зэпрыкIыурэ абрэджжэм гъуэз яхуэхъуу жаIэрт абы щхьэкIэ, езыр нэсри къэсыжауэ абрэдж тепльэт: хэщIыхьат, къуэгъут, плабгъуэт... Нэхъ хьилэшцы уигъэльхьыуэнт Iимаисыым. И цIэр сыт щыгъуи зэхэчэтхьат, щыдэжьыным щIигъэнауэ, ауэ и Iэщщэ дыщэ защIэт. И шыр Къэбэрдей псом щыщIэрыIуэт - нэхъ щыфI дэнэ къыпхынт! Iэджэрэ къещащ - яхуэдагъуакъым. Иджыпсту сльагъу хуэдэщ шыр: лъэ псыгъуэт, шабзэшэ хуэдэ, и нитIыр Бэлэ и нэм хуэдэу жант; и гуащIэр-щэ! Верст щэ ныкъуэр зыуи къыщыхьунутэкъым, зейм хьэм хуэдэу есащи, и макъ къудеймкIэ есцIыху! Шы фIэдэпIэм щыфIмыкIэр Iэджэрэт. Абрэджьыш нэгъэсат, жыIэнуарэ?..

А пщыхьащхьэм Къазбич зэрынэщхъыдзэм гу лъыстащ, гу лъыстащ и цIем афэ дзакIэ щIэдзащ. Ещанэм: «Афэ джанэ щIыщыгъыр щхьэусыгъуэнщэтэкъым, - сигу къэкIащ сэ, дауи, зыгъэр зэрехъэ».

Жьы зыщIезгъэхунщ жьыIэри, пщIантIэм сыдыхьащ. Пшапэр зэхэуакIэт, пшагъуэр къуэ кIуэцIым щызеуэрт.

Дишхэр зыщIагъэззэгъа щэщымкIэ сунэтIащ, Iусыр къаIэщIэхуамэ, сеплъынщ жысIэри; кIинэмыщIауи, усакъмэ, узыхуущIемыгъэужынт: си шыр щыфIт, къыIупльамэ, адыгэхэм я щхьэр ящIырт: «ШыфIщ, тхьэ, щыфI дыдэщ!»

Бжьыхьым сыбгъурытурэ сыздэкIуэм, псальэмакъ зэхэзэох; зыр занщIэу къэсцIыхуужащ: Азэмэтт, ди хэгъэрей щым и кхъэкIэпычырт; адрейм и псальэр нэхъ кIащхъэт. «Сыт мыбыхэм зи гугъу ящIыр? - жысIащ сигукIэ. - Си щыр щрирауэ пIэрэ зытегъэлъыхьыр?» Бжьыхь лъабжьэм сыщIэтIысхьэри, сызыпхыдэIукIащ. Унэм кхъщIэIукI уэрэд макъымрэ псалъэмакъымрэ мо тIум я псальэр зэхэмызи сфIыщIалъхъумэрт.

- Уи шыр шы телъыджащ! - жиIэрт Азэмэт. - Ди унэм я тхьэмадэр сэрапэ шыбз щиц хъу гуартэ сиIатэмэ, абы и ныкъуэр уи зы шым щхьэкIэ уэстынт, Къазбич!

«А, Къазбич!» - жысIащ сигукIэ, афэ джанэри сигу къэкIыжащ. - Уэахуэщ, - жиIащ Къазбич, зауклIэ щыма нэужь. - Къэбэрдей псом щыбгъуэтынукъым апхуэдэш. Зэгуэр Тэрч дызэпрыкIащ, абрэджхэм гъуэз сахуэхъурэ. Къэзакъым я шыр къэтхуэ мурад тщIауэ арати, къыдэхъуIакъым; къыщыткIэлъыпхъэрым, щхьэж и занщIэр и гъуэгути, дызэбгрыжащ. Къэзакъ шуупIаI си ужь кIыуащ; я кIий-гуо макъыр зэхэзох, мэз Iуи сынэблэрэт. Уанэм зытезгъэщIэри, шым щIопщ уэгъуэ есхащ - а зэм фIэкI щIопщкIэ игу хэзгъэщIатэкъым игъащIэм. БзуупщIэ нэхъей, си шыр мэз щIагъым щIолъэт, си цейр жыг къудамэхэм зэхачатхъэ, си напэр щIахулыкI. Си шыр жыг лъэдакъхэзэм щхьэпролъ, хуэцэ-чыцэр бгъэгукIэ ирещIыкI. Шыр хуейм кIиснэрэ мэзым зыхьэзгъэщIуамэ, нэхъыбIынкIи хъунт, итIани сутIипщым сигу пыкIакъым - зэрызмыгутIыпщам и сэфэн къызэкIыжащ. ШитI-щи фийуэ сщхьэпрыльэхэтащ; къэзакъхэр епсыхри мэзым къыщIэлъэдауэ, си ужыр къаух... Къуэ зэв куу сы-Iууащ асыхьэтым, си шыр зымащIэкIэ Iэнкунри, зидзащ. Зидза щхьэкIэ, къуэм зэпрылъыфакъым, и фIалъэ лъакъутIымкIэ нэпкыр иубыда фIэкIа. ШхуэмылакIэр сутIипщри, къуэм зыдэздзащ, араш си шыр къезыгъэлар: нэпкым дэцIэфтащ. Къэзакъхэм ялъэгъуащ а псор, ауэ къуэм зыри ныкIэлъыдыхакъым: сиукIи я гугъэри, си шым я ужь ихьащ. Сигу фIы щыщIэнт: къуэ кIэуцIым зыдэзыдыгъуэу, енэб кIырым сыпхощ. Мэз гъунэм сынэсащ. Сольагъу: мэзым къыщIэкIыжри, къэзакъипаI хуейм кхъьащ, къэзакъхэм си Къэрэгёз кхъажьэхэльэдащ. Къэзакъхэр зэрыгъэкIийуэ щымкIэ задзащ, шым и ужь куэдрэ итащ ахэр, кхрахуэкIыурэ, арктэнкIэ яубыди пэтащ - сызэщIэкIэзызащ абдежым, си нэр суфIыцIри тхъэ селъэIуащ. Си щхьэр кхъсIэтыжмэ - сольагъу: и кIэр ирихьуа, зольагъэ си Къэрэгёз, жьыбгъэм хуэдэщи; къэзакъхэр, яшхэр ешаелIауэ, абы и ужь итщ. ПэжкIэ тхъэ соIуэ! Пшапэ кIыфI хъуху, къуэм сыдэсащ. АдэкIэ кхъэхуми епIэ, Азэмэт: кIыфIым шы хъухъущIщ макъ кхыхэIукIащ, къуэм къыщIхьэщыхьауэ, щIыр лъэбжьанэкIэ кхреуд. - Си Къэрэгёз и макъыр къэсцIыхужьнтэкъэ! Абы лъандэрэ дызэфIэкIуэдыжакъым си шымрэ сэрэ.



Къазбич Бэлэ къидыгъуащ

Сэ зэхэсхащ ар шым и пщэ лантIэм IэгукIэ зэрытеуIуэр, едэхащIэурэ.

- Шыбз мин хъун гуартэ сиIатэмэ, - жиIащ Азэмэт, - псори уэстынт уи Къэрэгёз щхьэкIэ!

- Хьэуэ, сыхуейкъым, - жиIащ Къазбич, ар къыфIэмыIуэхуу.

- Къазбич, - жиIащ Азэмэт, зигъэбзэIэфIу, - уэ уцIыху хьэлэлщ, ушууей хахуащ, сэ си адэр урысхэм яфIолIыкIри, бгым сригъэхьэркъым, уи шыр кхъэзти, пхуэзмыщIэн щIэкъым, ди адэм и фочхэм е и сэшхуэхэм я нэхъыфIыр кхъпхуэздыгъунщ - узыхуейр кхъжкIэ закъуэ. Ди адэм и сэшхуэр ауэ сытми сэшхуэ: и дээм уеплъын ущощтэ, афэ джанэр - уэ пщыгъым хуэдэ афэ джанэр! - зэпиГэльэтынущ, зыуи къыщыхъунукъым.

Къазбич щымт.

- Уи шыр зэрысльагъу лъандэрэ, - и псальэм пищащ Азэмэт, - си цIэр сэзэгъыжркъым, си тхьэкIумэм икIыркъым и щыщ макъыр, и лъабжьэм къыщIих хъуаскIэм си нэр къыщепхъуэ, дунейм теткъым сфIэIэфIыж, си адэм и шыбз гуартэм зыш хэткъым уи шым пэсщIын: я нэхъ шыфI дыдэри си нэм кхихьыжыркъым, сышэсыни си щхьэ теслъхьэркъым, си гупсысэм хэмыкIыр уи шы къаращIэри, сыIупльамэ, си гур кхъолъэт, си льыр кхъокуэда. Езыр кхызэрыгIупльэрщ! Къызэпсэлъэн кхысфIощI, и нэ фIыцIитIыр кхыстриубыдэмэ! ЗыслIэжьинщ, Къазбич, уи шыр кхызумыщэмэ! - Ар гъыуэ кхысфIощIащ сэ: гумахэкIэ уеджэнтэкъым Азэмэт, щIалэ ерыщт, букIамэ, и нэпс кхудамэ уигъэлъагъунутэкъым - ар и хьэлт зэрысабий лъандэрэ.

Къазбич кхыщыдыхьэшхащ щIалэм.

- Сыти пхуэсщIэнщ, - жиIащ Азэмэт, зызэтриубыдэжри, - Ухуейм, си шыпхъур кхыпхуэздыгъунщ. Ар кхызэрыфэр плъэгъуакъэ, и уэрэдыр зэхэпхакъэ? Дыщэ IуданэкIэ зэрыхидыкIыр-щэ! Тырку пащтыхьри теплъакъым апхуэдэ пщащэ!.. Ухуей? Пщэдей пщыхьащхьэ псыхъэм кхыщыспэплъэ: ди гъунэгъу кхуажэм сшэ хуэдэ зысщIынщи, уи Iэрылъхьащ! Уи шым и уасэкъэ Бэлэ?

Къазбич куэдрэ щымащ, иужьым жэуапым и пIэкIэ пасэрей уэрэд кхыхидащ, и макъым зримыгъэIэту:

Дэсц тхьэIухуэхэр ди кхуэжэм гъунэжу,
Жэщ кIыфIым и вагъуэу я нитIыр лыдыжу.
Хьуэпсэгъуэщ а пщащэхэр фIыуэ пльагъуныр,
Нэхъ хъуэпсэгъуэжщ ди щIалэгъуэ кхииныр.
Дыщэм лъэкIынущ фызипаI кхищэхуну,
Уасэ зимыIэр сиш схьыжьу емынэрщ.
ЕтцIыжьыр зымыщIэр, зымыщIэр еижыр
Тафэшхуэм и жьыбгъэм кхытежу кхыдожэр.

ЛъэIуами, гъэми, бжами, щытхъуами, тхьэлъанэ ищIами, Къазбич хэзэгъакъым Азэмэт; гуэмышэчыж щыхъум, Къазбич абы кхыщIэкIиящ:

- Зегъэхь, щIалэжь щIыкIу! Си шым ушэсыфыну уэ? Лъабгакъуищ имыч щIыкIэ укъридзыхынщи, щхьэщIыбкIэ мывэм утехуэнщ.

- Сэри! - кIиящ Азэмэт, и кхъамэр афэ джанэм кхызэригъэльеижари зэхэсхащ. Къазбич кхеIэдэкъэуэри, ар бжьыхьым иридзыIащ. «Къаугъэ кхикIынущ!» - жысIащ сигукIэ, щэщым сыщIэльадэри дыжьхэм уанэ теслъхьэжащ, IупплIэр субыди зызмыгъэIэуэлъауэурэ, шитIыр щIыбагъыбжькIэ пщIантIэм кхыдэсщэжащ. ДакъикъитI нэхъ дэкIа хъунтэкъым, унэр зэрызехьэ щыхъуам: Азэмэт, и цейр зэфIэтхъауэ, зэпм щIэльэдэжри, Къазбич кхыфIигъэжыну хэтауэ яжриащ! Унэм псори кхызэрыщIэхащ, фочхэм епхъуащ: мэкIий, мэгуо, фоч яIауэ, Къазбич, уанэгум зридзэжауэ, сэшхуэр игъэдальэурэ, щIыху Iувым яхэтт, зигъэкIэрахъуэу.

- Мыр фIыкIэ иухынукъым, - жесIащ сэ Григорий Александрович, и Iэблэр субыди. - Нэхъ щIэх лъэныкъуэ зедгъэзыжмэ нэхъыфIкъэ?..

ЗэзыдзэкIар
КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

● Шыгъажэ

Саугъэт нэхъыщхьэр гъунэгъум Iэрохьэ

БлэкIа тхьэмахуэ махуэм Налшык илпподмум щы лъэпкъ къабзэхэм я шыгъажэшхуэ щекIуэкIащ. Шууейхэр щIэбэнащ Къабэрдей-Балъкъэрым и Дерби саугъэтым.

ШыГЪАЖЭР къызэIуахащ илъэситI зи ныбжь щыхэм метр 1400-рэ щажьыныкIэ. Саугъэтыр кхихьащ Гъэунэ Резуан и пщIэгъуэлIэ Черный Дрозд хакIуэм. Ар кхи-гъэжащ шууей Суханов Денис. Тренерыр Къармэ Хьэзрэтщ.

Дунейпсо класс зиIэ шууей Пщыкъуэ Жамбот и щэкIэ ягъэува Дерби ЦIыкIу саугъэтым щIэбэнахэм я деж метр 2400-рэ гъэугуанэр псом япэу кхызэринэкIащ «Iуащхьэмахуэ» шы спорт клубым и «американкэ» пщIэгъуэлIэ Фери Мун. Тренерыр апэ категорие зиIэ Гъуэлпльащ Муратщ, мастер-шууейр Хьэмыз Къазбэчщ. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ Сэкрэк Заур и Джаннат пщIэгъуэлIэм, ещанэ хъуащ Евлоев Даут и Дей Си шыр.

«Малкэ» шы заводым езым и цIэкIэ саугъэт игъэуват. ИлъэситI зи ныбжь адыгэшхэм кхызэпача зы километр гъуэгуанэм псом япэ щищащ Тембот А. и Налшык пщIэгъуэлIэр. (Тренерыр Гугъуэт Р., мастер-шууейр Шыкъ А.).

ИлъэситI зи ныбжь шы лъэпкъ кхабзэкэр зэпуэ Япэ Коронэ саугъэтым пащIэ. Абыхэм метр 1600-рэ гъэугуанэ кхъеIэн хуейщи, IэщщагъэлI, шыгъажэм дыхьэх куэд щымыгугъуэу кхытежар ЦIыпIынэ Асльэн и Матрикс Коуд хакIуэрщ. Тренерыр Бабаев Асльэнщ, къзэрыгъэжар мастер-шууей Сузанов Денисщ. Тунгуев Багъэутдин и Сани Лайк шыгъажэшыр етIуанэщ, «Iуащхьэмахуэ» шы спорт клубым и Тейк Йор Марк ещанэщ.

Физкультурникым и махуэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым щхьэкIэ кхагъэжар илъэсиплI зи ныбжь шы хэрщ. А зэпеуэм и спонсорщ КъБР-м шы лъэпкъ кабзэкэр гъэхъуным зыщегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъу фондыр. Километри 2 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр псом япэу къызэринэкIащ Сэкрэк Заур и Хилполитэ хакIуэм.

Ди республикэм,Ингушым, Пятигорск кхъалэм я шыгъажэш кхъыфIу 8 Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дерби саугъэтым щIэбэнащ. ИлъэситI хьуауэ а саугъэт лъапIэр Ингушым Iэрохьэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къызэхуэсахэр пэплъэрт сагъэтыр дэ къытхуэнэжыну. АрщхьэкIэ, ди гъунэгъуэм аргуэру я кIэн кхикIащ: Аушев Iэдэм и Холи Пёрдж «американкэ»-р псомэ ятежри, саугъэт нэхъыщхьэр ихьащ. Ди республикэм щыщхэм ягу зэрагъэдIыну кхахуэнэжар ар ди лъэпкъэгъу мастер-шууей Сыжажэ Тимур къызэригъэжарщ. Сэкрэк Заур и Беграно хакIуэр етIуанэщ, «Малкэ» шы заводым и Степной Сармат пщIэгъуэлIыр - ещанэщ.

УхуакIуэм и махуэм теухуа саугъэтым илъэсищ зи ныбжь шы лъэпкъ кабзэу пIым метр 1600-рэ гъэугуанэр кхыщыщэранэкIати, бжьыпIэр иубыдащ Ингушым кхиба Доза Блаженства пщIэгъуэлIым. Шыр Султыгов Ильяс ейщ. Къэзыгъэжар мастер-шууей Пщыкъ Амирщ.

Зи ныбжькIэ нэхъыжь шыхэм я деж нэхъ пщIэшхуэ щызыIэр КъБР-м Мэкъумэш IэнатэмкIэ и министерствэм и саугъэтыр кхъхьыным теухуа зэпеуэрщ. Метр 3200-рэ гъэугуанэм кхыщызэджащ шипщI. Куэд зэрыщыгугъам хуэдэу, абы бжьыпIэр щиубыдащ «Налшык» хьэлэвэ заводым и Джулат «американец»-м. Тренерыр Балъкъэр Хьусенщ, къзэрыгъэжар мастер-шууей Пщыкъ Амирщ.

УсакIуэ цIэрыIуэ, Социалист Пажьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 зэрыкъум и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым щыщIэбэна зэхьэзэхуэм щытекIуащ метр 1200-рэ гъэугуанэр нэхъ псынщIэу къызэзэмэкIа Джиддэ пщIэгъуэлIыр. Ар Сэкрэк Заур ейщ.

ЩIыпIэ Дерби саугъэтым теухуа зэхьэзэхуэр щекIуэкI Дон Iус Ростови хъыбар гуапэ кхикIащ. Абы етIуанэ увыпIэр кхыщихьащ Сэкрэк Заур и Сайн оф Лаки «американкэ» пщIэгъуэлIым. «Донской» шы заводым и Дарк Стар хакIуэр абы къызэрефIэкIар зымащIэкIэщ.

Налшык щекIуэкIа шыгъажэмкIэ къэдгъэзэжынщи, «Большой Спринтерский» саугъэтым щызэпеуащ метр 1200-м кхыщызэдзажэр. Мы саугъэтыр лъысащ Германием кхыщыхьуа Панасидорэ шыбз пщIэгъуэлIым. Ар къэзыгъэжар Пщыкъ Амирщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жан.

Хабзэм къемызэгъ фымыщIэ!

● КъБР-м и прокуратурэм

КъБР-м и прокуратурэм щызэхалъхьажащ цIыхухэр зытхьакIу джэгуплIэхэр хабзэм къемызэгъыу къызэзыгъэпэщхэм яIэщIэтыным хуэунэтIауэ мы гъэм и япэ мазихым зэфIагъэкIахэр.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКIЭ, республикэм и прокуратурэмрэ хабзэхъумэ Iэнатэхэмрэ абы и лъэныкъуэкIэ я лэжьыгъэ пыухыкIа ирагъэкIуэкIащ. КъащIэтэ, зи гугъу тIщIы зэманым УФ-м и КоАП-м и 14.1.1-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуа административнэ куэншагъэу 521-рэ я хьахутащ, хуимыту къагъэсэбэп Iэмэпсымэу 395-рэ, компьютеру 2030-рэ, щыджэгу Iэнэу 13, куэзыр 12, зэрыджэгу кIэну (фишка) 1144-рэ, нэгуущI техникэу 51-рэ къытрахащ.

ЦIыхухэр зытхьакIу джэгуплIэхэр Налшык (450), Бахъсэн (41), Прохладнэ (15) кIалэхэм, Аруан (12), Май (3) районхэм кхыщыщэрагъэпэщат.

ЦIыхухэр зытхьакIу джэгуплIэхэр хабзэм кхемызэгъыу зыгъэлажьэхэм япэщIэт хабзэхъумэ, къэщIытакIуэ Iэнатэхэм я Iуэхугъэ зыунэтI гупым федеральнэ законодательствэр зэригъэащIэм кIэлъыплъ прокуратурэм и хуэдэ, КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ щынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и лIыкIуэхэр ящIыгъуу, апхуэдэ щIыпIэу 4 кхахутащ, зэрыджэгу Iэмэпсымэу 41-рэ къытрахащ.

Суд унафэкIэ, щхьэхуещэхэм яхуэтэхуэуэ административнэ Iуэхуу 397-рэ къызэIуахащ, зэрыджэгу автомату 433-рэ, компьютер техникэу 311-рэ якъутащ.

А лэжьыгъэм пащэ.

Фигу къыдогъэкIыж: цIыхухэр зытхьакIу джэгуплIэхэр хабзэм къемызэгъыу къызэрызэрагъэпэщым, зэрагъэлажьэм теухуауэ 8-960-431-05-43 телефонымкIэ республикэм и прокуратурэм фыпсалъэ хьунущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щыщхьэуIум и 9-рц.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкIэмыкIу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщэпыдкэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кхуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолэжьэныкIэ - 42-60-53; хэдзакIэ Iуэхухэм, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пажаГъымкIэ ахэр зытхахэм нэку жауан яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм макъуэгуэрым и 14-м Печатым и хунтныыгъэр хъуэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Уэрдокъуэ Жени, корректорхэу Абэ Тамарэ** *(1, 2-нз)*, **Мырзэкъан ФатIимэ** *(3, 4-нз). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1551